Зэманым къегъэув къалэнхэр

2 -нэ нап.

Къигъэнащ лъэужь нэху

3-нэ нап.

Хьэсэнбийрэ Амиррэ я фэеплъу

4-нэ нап.

И тхылъхэр тыгъэ яхуещI

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№23 (24.929) • 2026 гъэм мазаем (февралым) и 25, бэрэжьей • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Хэкум и хъумакIуэм и махуэм

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Хэкум и хъумакIуэм и махуэм теухуауэ ирагъэкIуэкIа дауэдапщэм икIи ЩIыхьым и мафIэ мыужьыхым деж удз гъэгъахэр щигъэтIылъащ.

Хэку зауэшхуэм лIыхъужьу хэтахэм я фэеплъыр ягъэлъэпIэну мемориалым деж къыщызэхуэсахэм яхэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, республикэм и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, Парламентым и депутатхэр, Правительствэм хэтхэр, Налшык къалэ округым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и органхэм я унафэщIхэр, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр, дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр, жылагъуэм щыщхэр.

Ди зауэлIхэм гулъытэ ягъуэт

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм зыхуэныкъуэхэр зэрыхурагъэшам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым хъыбар щызэбгригъэхащ.

ТХЫГЪЭМ итщ: «Дзэ Iуэху хэхам хэту зи къалэнхэр къызыхуэтыншэу зыгъэзащIэ ди щIалэхэмрэ абыхэм я ныбжьэгъу зауэлIхэмрэ яхуедгъэшащ зыхуэныкъуэхэр. Зи гугъу сщIыр Лениным и орденыр зезыхьэ, Бэракъ Плъыжьыр, Суворовымрэ Хмельницкий Богданрэ я орденхэр зыхуагъэфэща Фастовскэ 503-нэ гвардейскэ мотострелковэ полкым хэтхэрщ. ЕрыскъыхэкIхэр, цIыхур япэу зыхуэныкъуэ хъу хьэпшыпхэр, техникэ и лъэныкъуэкIэ къагъэсэбэп IэмэпсымэхэркIэ - псори зэхэту тонни 10 мэхъу».

КIуэкIуэ Казбек апхуэдэуи полкым къулыкъу щызыщIэхэм ехъуэхъуащ Хэкум и хъумакIуэм и махуэмкIэ икIи къыхигъэщащ узыншагъэ быдэ яIэну, икIэщIыпIэкIэ ТекIуэныгъэ къахьыну зэригуапэр.

Къалэн хьэлъэ зыгъэзащIэхэм ядоIэпыкъу

Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ипэ къихуэу, КъБР-м и Парламентым и депутатхэмрэ Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм зэрадэIэпыкъур ирагъэшащ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ жиIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ, апхуэдэуи абыхэм я унагъуэхэм щыщхэм защIэгъэкъуэныр депутатхэм я дежкIэ нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр.

- СВО-м и ветеранхэм защIэдгъэкъуэн мурадкIэ, «Хэкум и хъумакIуэхэр» щIыналъэ фондым мазэ къэс ахъшэ зэредгъэхьым къищынэмыщIауэ, нэгъуэщIхэмкIи дадодэIэпыкъу. Ар республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм щылажьэ псоми зэгъусэу къызэдгъэпэщ Iуэхущ. Абыи къищынэмыщIауэ, депутат куэдым езым я жэрдэмкIэ ди щIалэхэм щхьэхуэу дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъун Iуэхухэри зэрахуэ, икIи дзэ частхэм я унафэщIхэм фIыщIэ къыхуащI абы теухуауэ. Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, ТекIуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьа псоми, нобэ ди къэралым и къэкIуэнум щIэбэнын хуей хъуа ди щIалэхэм гурэ псэкIэ фIыщIэ яхуэтщIу псори дызэкъуоувэ махуэшхуэм ипкъ иткIэ, - жиIащ Егоровэм.

Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ дзэм къулыкъу щызыщIэхэм хуагъэхь IэмэпсымэхэркIэ бийм зыщахъумэнымкIэ, я къалэнхэр тэмэму ягъэзэщIэнымкIэ сэбэп яхуэхъуну зэрыщыгугъыр.

- Мы лэжьыгъэр дяпэкIи едгъэкIуэкIынущ, дзэ Iуэху хэхамкIэ ди мурадхэр къыдэхъулIэу, хуабжьу дызыпэплъэ ди щIалэхэр текIуэныгъэ яIэу я унэм къекIуэлIэжыху, - дыщIигъуащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м и Парламентым и депутат, ди хэкуэгъухэм защIэгъэкъуэным зи лэжьыгъэр тещIыхьа «Ни шагу назад» волонтёр зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI Байсиев Темыржан жиIащ дзэм къулыкъу щызыщIэхэр нэхъыбэу зыхуэныкъуэр ипэ иту зэрызрагъэщIар.

- Мазаем и 23-м ирихьэлIэу депутатхэм жэрдэм ящIат мыхьэнэ зиIэ гуэркIэ ди щIалэхэм зыщIагъэкъуэнуи, мы зэманым нэхъ зыхуэныкъуэу жаIа дзэ Iэмэпсымэхэр зэрагъэпэщащ, адрей хьэпшыпхэм къадэкIуэу, - къыхигъэщащ абы.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и мурадщ ди щIалэхэм адэкIи я нэIэ тригъэтыну. Ар дзэ Iуэху хэхам хэтхэм сыт и лъэныкъуэкIи защIэгъэкъуэным республикэр зэрыхуэхьэзырыр къэзыгъэлъагъуэщ.

Лъэпкъ пэхуэщIэхэр зэрагъэзащIэр

Республикэм и къалэхэм, щIыпIэхэм я Iэтащхьэхэр зыхэта «ЩIыналъэ сыхьэт» зэхуэсыр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ. Абы къыщаIэта Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал, щIыналъэ программэхэмрэ ди республикэм зэрыщагъэзащIэр къэпщытэным ятеухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий.

КЪЭПСЭЛЪЭНЫГЪЭМ къызэрыхэщамкIэ, мы гъэм лъэпкъ проектхэм псори зэгъусэу хухахащ сом мелард 14,8-рэ. Абыхэм ящыщу щIыпIэхэм щагъэзэщIэну проектхэм хуаутIыпщынущ сом меларди 5,4-м щIигъу. Нэгъабэрей апхуэдэ мылъкум еплъытмэ, ар куэдкIэ нэхъыбэщ. А ахъшэхэр трагуэшащ «Нэхъыфl псори - сабийхэм», «Егъэджакlуэхэмрэ унэтlакlуэхэмрэ», «Къалэр зэlузэпэщ щIын», «Унагъуэ лъапlэныгъэхэмрэ щэнхабзэ щIэинхэмрэ», «Коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэн», «Унагъуэм дэIэпыкъун», «ПсэупIэ унэ» проектхэм.

Республикэм и Iэтащхьэм унафэ ищIащ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым ахэр зи пщэрылъхэр набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъыну, Iуэхухэр къызэпамыуду икIи и чэзум зэфIэха хъун папщIэ.

ЗэIущIэм апхуэдэу гулъытэ хэха щыхуащIащ СВО-м хэт ди лъахэгъухэм, абыхэм я унагъуэхэм защIэгъэкъуэн дяпэкIи зэрыхуейм. А Iуэхухэр зи нэIэм щIэт «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэралпсо фондым ди республикэм щиIэ къудамэм и IэщIагъэлIхэм щIыпIэхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэми тепсэлъыхьащ.

Къинэмыщ Iауэ, «ЩIыналъэ сыхьэтым» къриубыдэу къулыкъущIэхэм я гугъу ящIащ республикэм и щIыпIэхэр къэблэгъа гъатхэгъэмахуэ пIалъэм ирихьэлIэу зэщIэгъэкъэбзэн зэрыхуейм.

ХъуэпсапIэр нахуапIэ мэхъу

Херсон щIыналъэм хыхьэ Голопристан районым щыщ Анастасие и илъэсыщIэ хъуэпсапIэр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек мы махуэхэм игъэзэщIащ. Хъыджэбз цIыкIур щIэхъуэпсырт кином щыджэгунуи, ар къехъулIащ .

Фигу къэдгъэкIыжынщи, нэгъабэ и дыгъэгъазэ мазэм и кIэхэм республикэм и УнафэщIым Кремлым и уардэунэм щагъэува «ХъуэпсапIэхэм я псейм» къыфIихауэ щытащ Анастасие и тхыгъэр. Абы и гъусащ Тамерланрэ Даниилрэ я тхыгъэхэри. КIуэкIуэ Казбек ахэр зыщIэхъуэпса тыгъэхэр занщIэу яIэригъэхьащ.

Ауэ Анастасие и хъуэпсапIэр гъэзэщIэным пIалъэ къыхэкIащ, фильмым узэрыхэтыным зыхуэбгъэхьэзырын хуейти. Хъыджэбз цIыкIум творческэ зэфIэкI бгъэдэлъщ: ныбжьышхуэ имыIэми, абы школ зэхыхьэхэр ирегъэкIуэкI, сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэм и зэфIэкIыр утыку къыщрехьэ.

Анастасие хэтащ телевизореплъхэм фIыуэ ялъэгъуа, «Самогон. Капкан охотников» зауэм теухуа драмэм и ещанэ Iыхьэм. Хэку зауэшхуэм теухуа удэзыхьэх сериалыр НТВ каналым и жэрдэмкIэ Псков областым щытрах. Лlыхъужь нэхъыщхьэр снайпер цIэрыIуэ, сыбыр щакIуэ, Самогон зи цIэ лей (апхуэдэу йоджэ зи закъуэу щакIуэхэм) Слепков Николайщ.

Фильмыр утыку кърахьэну я мурадщ накъыгъэм и пэщIэдзэм икIи ТекIуэныгъэм и махуэм хуэгъэпсауэ щытынущ.

«Кинор тезых гупым фIыщIэ яхузощI ди жэрдэмыр къызэрыддаIыгъам, хъыджэбз цIыкIуми абы и анэми гуапэу къазэрыхущытам папщIэ. Творческэ гупым ехъулIэныгъэшхуэхэр яIэну! Сигуми си псэми къыбгъэдэкIыу Анастасии сохъуэхъу адэкIи гъащIэм щиIэну и хъуэпсапIэ псори къехъулIэну», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Къищынэмыщ Iауэ, республикэм и Iэтащхьэм Анастасие фильмым зыхэт Iыхьэхэр траха нэужь, Санкт-Петербург махуитIкIэ зыплъыхьакIуэ щыIэну къыхуэзэригъэпэщащ, Ищхъэрэ къалащхьэм и музейхэмрэ и щыпIэ дахэхэмрэ зригъэлъагъун папщIэ.

Ди хэкуэгъу лъапIэм и щIыхькIэ

КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым мазаем и 21-м концерт щитащ УФ-м и цIыхубэ артист, Мариинскэ театрымрэ Театр Инымрэ я унафэщI, УФ-м и Президентым щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ дэлажьэ Советым хэт Гергиев Валерий зи пашэ Урысей лъэпкъ щIалэгъуалэ симфоние оркестрым. Ар къызэрагъэпэщащ СССР-м, РСФСР-м, КъБР-м я цIыхубэ артист, Совет Союзымрэ Урысей Федерацэмрэ я къэрал саугъэтхэм я лауреат, Санкт-Петербург щIыхь зиIэ и цIыху, а къалэм и филармонием и Академическэ симфоние оркестрым и художественнэ унафэщIу щыта дирижёр цIэрыIуэ Темыркъан Юрэ и фэеплъу.

ОРКЕСТРЫМ игъэзэщIащ совет, урыс композитор цIэрыIуэ, нэгъабэ дунейм ехыжа Щедрин Родион и лэжьыгъэхэр. Фортепианэ еуащ Гергиев Валерий и къуэ, пианист IэкIуэлъакIуэ, Урысейми хамэ къэралхэми къыщацIыхуа, дунейпсо зэпеуэхэм я лауреат Гергиев Абисал.

- Лъэпкъ щIалэгъуалэ урыс симфоние оркестрым и гъусэу куэд щIауэ зыкъыдогъэлъагъуэ. Иджырей концертыр фи хэкуэгъу цIэрыIуэ Темыркъан Юрэ и фэеплъу къыздгъэпэщащ. Консерваториер къэзуха къудейуэ, сыщIалэ дыдэу, уеблэмэ иджыри IэщIагъэм сыхэзэгъэну сыхунэмысауэ, Темыркъаным и ассистенту сригъэблэгъауэ щытащ Ленинград и Кировскэ театр цIэрыIуэм. Темыркъан Юрэ къысхуищIахэр зэи сщыгъупщэнукъым, - жиIащ Гергиев Валерий. - Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и гъусэу дытопсэлъыхь дирижёр цIэрыIуэм и фэеплъ пшыхьхэр Санкт-Петербурги Налшыки къызэрыщызэдгъэпэщынум. КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ си ныбжьэгъуу зэрыщытари си гуапэу къыхэзгъэщынут. Владикавказ къыщыхъуа сэ сощIэ лъэпкъхэм ди зэкъуэтыныгъэр зэрылъапIэр. Ар щэнхабзэ IуэхухэмкIэ нэхъри щIэдгъэбыдэным тетщIыхьу, Мариинскэ театрым и артистхэри мыгувэу Налшык къэтшэну ди мурадщ.

- Урысей лъэпкъ щIалэгъуалэ симфоние оркестрым и артистхэм фIэхъус гуапэ фызох! Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм и тхыдэм къыхэнэн Iуэху зэрывлэжьам папщIэ фIыщIэ фхуэфащэщ. Быдэу си фIэщ мэхъу мы пшыхьым щIыналъэм и зыужьыныгъэр, щэнхабзэ гъащIэр зэрыригъэфIэкIуэнур. Фи зэфIэкIыр инщ, ди къэралым и мызакъуэу, дуней псом щэнхабзэ лъагэр тыгъэ хувощI. ТхакIуэ цIэрыIуэм зэрыжиIауэ: «Дахагъэм дунейр къригъэлынущ». Си фIэщ мэхъу абы зи гугъу ищIар мы дахагъэ иным зэрыхуэдэр. Ар дуней псом щывогъэлъагъуэ. Ди щхьэр фхудогъэщхъ ди хэкуэгъу лъапIэм теухуауэ фи гум щыфхъумэ фэеплъым папщIэ. Ар иджыри зэ щыхьэт тохъуэ нэхъыжьхэм пщIэ зэрахуэфщIым, фи зэхуаку дэлъа зэхущытыкIэ, зэныбжьэгъугъэ гуапэм. Си щхьэкIэ сэркIэ лъапIэщ сынывэпсэлъэну къыщысхуихуэ дакъикъэр, си лэжьыгъэми си гъащIэми къыщысхуэщхьэпэ куэд абы къыхызохри. Уи щIалэм и IэщIагъэ хуэхъунум узэрыкIэлъыплъари щхьэхуэу къыхэзмыгъэщу схуэшэчынукъым. Щэнхабзэм къыщIэувэ щIэблэм я зэфIэкIыр къызэрызэкъуахым иджыри илъэс куэдкIэ укIэлъыплъыну Iэмал уиIэну, уи IэщIагъэм зэрыпащэм гукъыдэж къуиту, ехъулIэныгъэхэр уиIэу упсэуну сынохъуэхъу!

КIуэкIуэ Казбек а махуэм Iэ щIидзащ Гергиев Абисал «КъБР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр зэрыфIащым теухуа унафэм, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я зыужьыныгъэм хуищI хэлъхьэныгъэ инхэм папщIэ.

Гергиев Валерий журналистхэм зыкъыщытхуигъэзам къыджиIащ Налшык куэд щIауэ зэрыщымыIам къыхэкIыу къызэрытхуэзэшар, дирижёр цIэрыIуэ, япэщIыкIэ езыгъэджа, иужькIэ и лэжьэгъу, и ныбжьэгъу хъуа, илъэситIрэ ныкъуэм щIигъуауэ къытхэмытыж Темыркъан Юрэ и фэеплъ концертыр гукъинэж ящыхъуну зэрыщыгугъыр. Абы жиIащ Кавказым щIэх-щIэхыурэ зэрызыкъыщагъэлъагъуэр, Темыркъан Юрэ и лэжьыгъэхэр, псом хуэмыдэу и спектаклхэр ягу къагъэкIыж къудей мыхъуу, зэрахъумэр, щIэблэм я деж зэрынахьэсыр. Гергиевым къыхигъэщащ ди Музыкэ театрыр дуней псом щыцыIэ мардэхэм тетын зэрыхуейр. Гу лъаригъэтащ апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ Владикавказ зэрыщрагъэкIуэкIар, XIX лIэщIыгъуэм и тхыдэ ухуэныгъэхэр къызэрыщагъэщIэрэщIэжар. Владикавкази Налшыки Кавказым и фестиваль инхэр щрагъэкIуэкI къалэ хъун, макъамэмрэ гъуазджэмрэ дахьэхэм дуней псом щыцIэрыIуэ музыкантхэм я лэжьыгъэхэр зэхахын хуейуэ къызэрилъытэр жиIащ. И мурадхэм ящыщу къыхигъэщащ Мариинскэ театрымрэ Театр Инымрэ я артистхэмрэ республикэм и артистхэмрэ зэдигъэлэжьэну зэрыхьэзырыр, оперэхэр, балетхэр зэдагъэув, камернэ концертхэр зэгъусэу ят зэрыхъунур.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр
Къарей Элинэ *трихащ.*

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым пещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - абы Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 565-рэ кIэпIейкIэ 41-рэ;

фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 516-рэ кIэпIейкIи 9-рэ.

Ди индексыр П5894

Зэманым къегъэув къалэнхэр

КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ къызэщIикъуэжащ 2025 гъэм зэлэжьар.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым, Урысейм и лъэпкъхэм я ассамблеем и советым хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, республикэм и министерствэхэмрэ щIыпIэ администрацэхэмрэ я лIыкIуэхэр, КъБР-м ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщI, муфтий Дзасэжь Хьэзрэталий, Имам Абу Хьэнифэ и цIэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым и ректор Шыбзыхъуэ Мурат, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министр КIурашын Анзор жиIащ министерствэм и къалэнхэр игъэзэщIэн папщIэ илъэс блэкIам сом мелуан 76-рэ мин 418-рэ къызэрыратар. Абы щыщу сом мелуан 75,6-рэ трагъэкIуэдащ къэрал лъэпкъ Iуэхухэр гъэзэщIэнымрэ жылагъуэ проектхэр ядэIыгъынымрэ. Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ защыхъумэным епха Iуэхухэм - сом мин 800.

Министрым къыхигъэщащ 2025 гъэм и щэкIуэгъуэ - дыгъэгъазэ мазэхэм республикэм лъэпкъ зэхущытыкIэхэр зыхуэдэр къыщапщытэу район псоми щIэупщIэныгъэхэр зэрыщрагъэкIуэкIар. Зэупщ Iахэм я процент 83-м нэблагъэм къалъытащ щIыналъэм и щытыкIэр зэпIэзэрыту. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэм я зэхущытыкIэр фIыуэ къагъэлъагъуэ процент 87,2-м, дин зэхущытыкIэхэр тэмэму - процент 93,8-м.

КIурашыным жиIащ Интернетым, сайтхэм Iуэху мыхъумыщIэхэр къремыгъэлъхьэнми министерствэр зэпымыууэ зэрыкIэлъыплъыр. Апхуэдэу хабзэхъумэ IэнатIэхэм тхыгъэ 33-рэ хуагъэхьащ.

IуэхущIапIэм, зэрыхабзэу, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ахъшэкIэ защIегъакъуэ, лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэхэр хъумэным ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр ядиIыгъыу. Апхуэдэу нэгъабэ екIуэкIа зэхьэзэхуэхэм япкъ иткIэ, мылъку къегъэщIыным пымыщIа IуэхущIапIихым зыщIагъэкъуащ сом мелуани 3,9-кIэ. Хэкупсэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэ егъэкIуэкIыным хуэунэтIауэ дин IуэхущIапIи 2-м зыщIагъэкъуащ сом мелуан 1,2-кIэ.

«Къыхэгъэщыпхъэщ лъэпкъ куэду зэхэт ди цIыхубэм и зэпIэзэрытыныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ къызэпыудыным хуэунэтIа Iуэхухэр иджыри къызэрамыгъэнари. Псом хуэмыдэу язынықъуэ къэралхэм езым я гупсысэр хапщэну иужь йохьэ балигъ мыхъуа ди щIалэгъуалэм. Абыхэм зэрыхуейуэ къагъэсэбэп тхыдэр. Республикэм «шэрджэс Iуэхумрэ» «тырку дунейм и политикэмрэ» къыщаIэтыну щIохъуэпс ахэр. Дзэ Iуэху хэхар зэрыщIидзэрэ зэгухьэныгъэщIэхэр къэунэхуащ, лъэпкъхэр я щхьэхуитыныгъэм къыхураджэныр я мурад нэхъыщхьэу», - къыхигъэщащ министрым.

Абы жиIащ республикэм ис муслъымэнхэм ехьэлIауи гугъуехьхэр зэрыщыIэр. Псом хуэмыдэу ар зэпхар хамэ къэрал щеджэу къэзыгъэзэжхэм я гупсысэр къэралым и хабзэмрэ псэукIэмрэ я лъабжьэм зэрыпэщIэуэрщ. КIурашыным къыхигъэщащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщIэтынымкIэ министерствэм, республикэм ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм, Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым Iуэху щхьэпэ куэд зэрызэдащIэр. Апхуэдэхэщ 2025 гъэм и жэпуэгъуэм Налшык къалэм щызэхэта «Гъэунэхуныгъэхэм я лъэхъэнэм псэкупсэ лъапIэныгъэхэр хъумэн» конференцыр. Абы хэтащ дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ къулыкъущIапIэхэмрэ я лIыкIуэхэр, Урысеймрэ хамэ къэралхэмрэ ислъам диныр щызыдж IэщIагъэлIхэр - псори зэхэту цIыху 300 щIигъу.

Министерствэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжхэм ящыщщ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм яхудиIэ зэпыщIэныгъэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэ. Нэгъабэ накъыгъэ мазэм къыщыщIэдзауэ шыщхьэуIу пщIондэ Германием, Тыркум, Иорданием щыпсэу адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я анэдэлъхубзэмрэ урысыбзэмрэ щрагъащIэ онлайн егъэджэныгъэр къызэрагъэпэщащ. Абы цIыху 235-рэ къызэщIрагъэубыдащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэмрэ Урысеймрэ яку дэлъ жылагъуэ-политикэ, социально-экономикэ зэпыщIэныгъэхэр зэрызэфIэувам щытепсэлъыхьу, «Адыгэхэмрэ Урысеймрэ - XVI лIэщIыгъуэм къыщыщIэдзауэ XX лIэщIыгъуэ пщIондэ къызэщIэзыубыдэ тхыдэ» жыхуиIэм хэзыгъэгъуазэ лэжьыгъэри ягъэзэщIащ.

Кавказ Ищхъэрэ Ислъам университетым и ректорыр тепсэлъыхьащ министерствэмрэ Ислъам щэнхабзэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм я щIэгъэкъуэн фондымрэ зэрадэлажьэм, щIалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэхъуным, я щIэныгъэм хэгъэхъуэным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI Iуэхухэм. ЗэIущIэм хэтахэм къыхагъэщащ дин еджапIэ къэзыуххэм адэкIэ дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъунум зэрегупсысыпхъэр.

ЗэIущIэм щагъэбелджылащ 2026 гъэм зэлэжьыну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэри.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Дзэ пакIэ лIэужьыгъуэщIэ

Хъыбарегъащ1э IэнатIэм и лэжьакIуэхэм къытIущIащ КъБР-м и дзэ комиссар Пахомов Дмитрий.



- ХЭКУМ и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу сыхуейщ сехъуэхъуну къэралым и гъунапкъэхэм гугъу зыщезыгъэхьу дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, гарнизонхэм зи къалэн щезыхьэкIхэм, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм къулыкъу щызыгъэзэщIахэм, армэм щыIахэм. Мы зэIущIэм нэхъ дызыщытепсэлъыхьыну сызыхуейр дзэ Iуэхум пыщIа еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ курытхэмрэ ди щIалэгъуалэр щIэгъэтIысхьэнымкIэ мы зэманым къэралым Iэхугъуэ пыухыкIахэр зэрыщекIуэкIырщ.

Апхуэдэу, 2025 гъэм кърибудэу, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэт еджапIэхэм ди республикэм щыщу щIагъэтIысхьащ цIыхуи 120-м щIигъу. 2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къылъысу зи гугъу тщIа еджапIэхэм цIыху 248-р щIэдгъэхуэн хуейуэ къытхуагъэуващ. Абыхэм ящыщу 212-р дзэ Iуэхум пыщIа еджапIэ нэхъыщхьэхэращ здагъэкIуэнур, мыдрейхэм хуагъэлъагъуэр дызытепсэлъыхь IэнатIэхэмкIэ IэщIагъэ щрагъэгъуэт курыт еджапIэхэрщ. Жылагъуэ гъащIэмкIэ дыкъеIэбэкIынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым диIэщ IэщIагъэ зэхуэщхьэхуэхэр щрат курыт еджапIэу 257-рэ.

Къытхуагъэува къалэныр дгъэзэщIэн папщIэ, военкоматым щылажьэхэри дахэту, республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ школхэмрэ пIалъэ-пIалъэкIэрэ докIуэ, абыхэм щIэс щIалэгъуалэм даIуощIэ, я упщIэхэм жэуап ядот. КъагурыдогъаIуэ дзэм пыщIа еджапIэхэм щIэтIысхьэмэ, къалэну къыщыхуагъэувхэм нэмыщI, къэралым и нэIэ къазэрытетынур, хуитыныгъэ щхьэхуэхэри зэраIэнур.

УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм мы унэтIыныгъэмкIэ къызэригъэпэщ Iуэхугъуэхэм хыхьэу, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэхэр абыхэм илъэси 4 - 5-кIэ щеджэнущ, щхьэж зыщIэхуам елъытауэ. КъэдгъэлъагъуэмэрЭ, техникэм пыщIа щIэныгъэ щратхэм илъэси 5-кIэ, дзэ пакIэхэм унафэщIхэр щыхуагъэхьэзырхэм - илъэси 4-кIэ. Курыт щIэныгъэ (IэщIагъэ зэхуэщхьэхуэхэм нэмыщI) щратхэм щIэтIысхьэхэр абыхэм зэрыщеджэнур илъэси 3-щщ, «прапорщик» званиери къыщратыжу. КъызэрыдбжамкIэ, а щIыкIэм тету ди республикэм къыщытхухэшынухэм я бжыгъэр, я узыншагъэр зэхуэхъумэ, цIыху 2800-м щIегъу.

Зи гугъу тщIы IуэхухэмкIэ республикэм дызылъэIэсыпхъэм ехьэлIауэ дыубзыхуа лъэбакъуэхэм хыхьэу, 2025 гъэм фокIадэм и 21-м къыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэм и 31 хъуху Къэбэрдей-Балъкъэрым ит курыт школ псоми, щеджэ ныбжьыщIэхэм дзэ Iуэхум зыкъызэрыпащIэным теухуауэ, псалъэмакъ щхьэпэхэр щедгъэкIуэкIащ. Ар, къызэрытлъытэмкIэ, ди япэ лъэбакъуэщ. Лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ щIэгъэкъуэн къытхуэхъуащ езы школхэм я унафэщIхэри я гъэсакIуэхэри. ИкIи, къыхуеджэныгъэм и япэ Iыхьэу зэфIэдгъэкIам къыпэкIуэу, дзэм пыщIа еджапIэхэм щIэтIысхьэну гупыж зэращIамкIэ зи тхыгъэ къытIэрыхьахэм я бжыгъэр цIыху 70-м нэблэгъащ.

Къыхуеджэныгъэм и етIуанэ лъэбакъуэм дынэсауэ аращи, мыбдежым дэ нэхъ дыщелIэлIэнущ зи тхыгъэ къытIэрыхьахэм я Iуэху зытетым нэхъри зыщыдгъэгъуэзэным, я узыншагъэр зыхуэдэр, дохутырхэр якIэлъыдгъэплъкIэрэ, зэрызэдгъэщIэным, къинэмыщI абы хуэдэхэри зэрызэхэдгъэкIыным.

Мыри къыхэзгъэщынут. Дэ зыкъытхуэзыгъазэхэм ящыщу зыми дапэрыуэркъым дзэ Iуэхум пыщIауэ езыр зыхуей унэтIыныгъэр къыхихынымкIэ, ищхьэкIэ щыдиIэ ди унафэщIхэм къытхуагъэлъагъуэр нэгъуэщIми.

Захуэзгъэзэну сыхуейт республикэм ис ди щIалэгъуалэм, къэралым и Хабзэ нэхъыщхьэм (Конституцэм) къызэрытхуигъэувауэ, дэтхэнэ зыми Хэкум къыщхьэщыжыныр дызэрикъалэныр зыдэтщIэжу, IэмалыщIэрэ лъэбакъуэщIэу къытхузэIуаххэм яхуэгъэзауэ дэтхэнэ зыри зыщIэгупсысыжыну. Дэ дыхьэзырщ дзэм пыщIа еджапIэхэм щIэтIысхьэну гупыж зыщIхэм а Iуэхум ехьэлIауэ зыхащIыкIыпхъэм дахутепсэлъыхьыну. А щIыкIэм тету республикэм и дзэ комиссариатым и къудамэхэм екIуалIэ хъунущ зи ныбжьыр илъэс 18-м къыщыщIэдзауэ 24-м нэсахэр, зыщIэса еджапIэхэм щата экзаменхэм къарикIуахэр зратха тхылъхэр яIыгъыу.

Дзэм пыщIа еджапIэхэм щIэхуэхэм ищхьэкIэ къыщыхэдгъэщахэм нэмыщI нэгъуэщI хуитыныгъэхэри яIэщ. ЗыщIэсым и етIуанэ курсыр къызэраухыу, абыхэм къэралым дзэ Iуэхум ехьэлIауэ япэ зэухылIэныгъэр иращIылIэ. ИкIи, абдежым къыщегъэжьауэ, мазэ къэс, алъандэрэ кърата я стипендиехэм дэщIыгъуу, сом мин 30 къаIэрохьэ. ЕджапIэр ехъулIэныгъэкIэ къызэрырахьэлIэу, къэралым етIуанэ зэухылIэныгъэ къарещIылIэ. А щIыкIэм тетуи, мазэм хуэзэу сом мин 50-м къыщыщIэдзауэ мин 70-м щIигъу къаIэрохьэ. КъинэмыщIауэ, дзэм къулыкъу щезыхьэкIыну щIэзыдза щIалэщIэм (е пщащэм) хуитыныгъэ егъуэт къэралым ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм абыхэм щхьэкIэ зэфIих IуэхущIэхэм ящыщу ипотекэм щхьэкIэ ахъшэ щIыхуэ къаIихыну. ХъумапIэхэм (банкхэм) къыщызэIуиха счётым щызэхуихьэс и ахъшэмкIэ къэралым и дэнэ щIыпIи зыхуей псэупIэ къыщищэхуну. Абы щыгъуэми, ипотекэм щхьэщитыкIыну процентыр хуезытынур УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэрщ.

АдэкIэ дызытепсэлъыхьым хуэгъэзауэ къыхалъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм ящыщщ мы зэманым екIуэкI дзэ Iуэху хэхам теухуауэ иджыри зы унэтIыныгъэ къызэрыунэхуар. Ар сыт жытIэмэ, Хэкум зихъумэжынымкIэ иужьрей илъэсхэм нэхъ зыхуэныкъуэ хъуа Iэмалхэм ящыщщ цIыху зэрымыс кхъухьлъатэ цIыкIухэм хабжэу бийм ейхэр лъэныкъуэкIэ Iушыным-кIэ, дыдейхэм я зыгъэзэкIэр убзыхунымкIэ дзэ пакIэ щхьэхуэхэр 2025 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м къыщыщIэдзауэ къэралым къызэрыщызэрагъэпэщар. Абыхэм хыхьэну хуитыныгъэ иIэщ, я узыншагъэм къызэритIэсым елъытауэ, зи ныбжьыр илъэс 35-м нэмыса дэтхэнэми.

Зи гугъу тщIыхэм къэралым зэухылIэныгъэ зэрыращIылIэр илъэс пIалъэкIэщ. Ар елъытакъым дзэ Iуэху хэхар зэрекIуэкIым. Дызытепсэлъыхь дзэ пакIэм хуэдэм хыхьам и зэухылIэныгъэм къыщыгъэлъэгъуа пIалъэм (илъэсым) щыщу мази 3-м и кIуэцIкIэ ар зыпэрыува IэнатIэм хурагъэджэнущ. Адрей къэнар аращ абы къулыкъу зэрырихьэкIынур. Къыхэгъэщыпхъэщ, зэухылIэныгъэм техуэ илъэсым кърибудэу ар езыщIылIар нэгъуэщI дзэ лIэужьыгъуэхэм зэрыхамыгъэхьэнур.

Мыпхуэдэ дзэ лIэужьыгъуэм къулыкъу щезыхьэкIыну къыхураджэр, псом япэрауэ, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэсхэрщ, къыкIэлъыкIуэу IэщIагъэ щрат курыт еджапIэхэм щIэсхэрщ. Дауэ, атIэ, ар зэрыхъур? Студентым, а зэреджэм хуэдэу, «академие отпуск» жыхуаIэм хуэдэ къаIрех, зи гугъу тщIы унэтIыныгъэм хуэлажьэ дзэ пакIэм зэрыхыхьэнумкIэ зэухылIэныгъэ ярещIылIэ, а пIалъэм кърибудэу къулыкъур щрехьэкI, ар зэриухыу къегъэзэж, дзэ Iуэху хэхам зэрыхэтамкIэ статусымрэ абы и ветерану зэрыщытымрэ къэзыгъэлъагъуэ дэфтэрхэр зыIэрегъэхьэ, еджапIэм къызыщIэка курсым арыххэуи щIотIысхьэж.

Апхуэдэ дыдэуи, зыщIэс еджапIэр къэзыух щIалэм, и ныбжьыр илъэс 30-м нэсыху армэм къулыкъу щрихьэкIын хуейуэ къытохуэри, мыбы щыгъуэ хэплъыхьыну хуитыныгъэ иIэщ адрейхэм хуэдэу армэм къызэрыгуэкIыу дэкIыну е, абы ипэкIэ зыхэта дзэ лIэужьыгъуэм адэкIи щыпищэн хуэдэу, къэралым къыкIэлъыкIуэ зэухылIэныгъэр ирищIылIэну.

Абы щыгъуэми, къыхэдгъэщ зэрыхъунумкIэ, цIыху зэрымыс кхъухьлъатэ цIыкIухэм япэщIэтынымкIэ дзэ пакIэхэм хэтыну къэралым зэухылIэныгъэ езыщIылIэхэм ди щIыналъэм къыбгъэдэкIыу зэуэ сом мелуанрэ мин 800-м нэблагъэ къыIэрыхьэнущ, абы и пэкIэ зэрыщыта сом мелуанрэ ныкъуэм ипIэкIэ. КъинэмыщIауэ, ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм къыбгъэдэкIыу зэ тыгъуэу сом мин 400 кърагынущ, - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дзэ комиссарым.

Армэм дашынухэм ятеухуауэ

АдэкIэ Пахомовыр тепсэлъыхьащ 2026 гъэм и гъатхэ - гъэмахуэ пIалъэм кърибудэу (мэлыжьыхьым и 2-м къыщыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и 15 пщIондэ) зи армэ дэкIыгъуэхэр дзэ къулыкъум пэрагъэувэнымкIэ зыхуагъэувыжа къалэнхэр зыхуэдэм. УФ-м и Президентым къыдигъэкIа Унафэрщ Iуэхур зытращIыхьыр. КъБР-м мы зэманым щолажьэ дзэм дэзыш комиссэу 14: зыр - республикэм и къалащхьэм, пщыкIущыр - районхэм.

- Зи гугъу сщIа пIалъэм кърибудэу, гъатхэ дэшыгъуэм хиубыдэнухэр, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу гуп-гупурэ, гъущI гъуэгукIи, автобускIи, кхъухьлъатэхэмкIи гъуэгу тедгъэхьэнущ, - къыхигъэщащ дзэ комиссарым. - Нэхъапэхэми хуэдэу, мыгъэрей гъатхэ дэшыгъуэм къызэщIиубыдэнухэри къэралым и щIыналъэу къухьэпIэмкIэ щыдиIэ Калининград областым къыщыщIэдзауэ къуэкIыпIэмкIэ нэхъ тпэжыжьэхэм хабжэ Камчаткэм нэсыху я зэхуаку дэлъ щIыналъэхэм трагуэшэнущ. ЩIалэхэм къахэкIынущ хыдзэм хагъэхьэнухэри. Иужьрейхэм къулыкъу щрахьэкIынущ Балтикэ тенджызым, Хы ФIыцIэм, Хы Хуэмым. Лъэпкъ гвардием, гъущI гъуэгум, хьэуа-десант, хьэршыдзэм епхахэм ираджэнухэри яхэтынущ. Армэр хуейщ Урысейм и ДОСААФ-ми нэгъуэщI абы хуэдэ еджапIэхэми ягъэхьэзыра, С категорие зиIэ машинэзехуэхэми.

ЩIалэхэм дзэм зэрыхэтыну щыгъынхэр иратынущ, гъуэмыли IэщIалъхьэнущ. Ахэр щызэхуашэсыну щIыпIэхэм зэрыIуашынур гуфIэгъуэ щIыкIэм тетущ.

Мы Iуэхум ехьэлIа адрей ди тхыгъэхэми зэрыхэтауэ, 2024 гъэм и щIышылэм къыщыщIэдзауэ дзэм хагъэхьэну къатохуэ зи ныбжьыр илъэс 18 - 30-м кърибудэхэр. ПIалъэкIэ ягъэпIейтеинукъым IэщIагъэ щызрагъэгъуэт еджапIэхэм, университетхэм, институтхэм щIэсхэр, езыхэр абы хуэмеяуэ.

Республикэм и дзэ комиссарым зэрыжиIэмкIэ, армэм ираджэхэр дзэ Iуэху хэха щекIуэкI щIыпIэхэм ягъэкIуэнукъым, къэралым къыхагъэхьэжа щIыналъэхэми ирашэнукъым. Мыдрейуэ. Дзэм къулыкъу щезыхьэкIыну къызылъысхэм ящыщу зызыгъэпщкIухэм тралъхьэ тезырым хагъэхъуащ. Нэхъапэхэм апхуэдэм зэретхьэкъур сом 500 - 1000-м щIимыгъуу щытамэ, иджы ар нэсащ сом мин 30 - 40-м.

ЗэухылIэныгъэм ипкъ иткIэ

Дызэрыщыгъуазэщи, 2023 гъэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрми щызэрагъэуIуащ зэгурыIуэныгъэкIэ дзэм къулыкъу щезыхьэкIыну хуейхэр здекIуалIэ, сыт хуэдэ зэманми лажьэ хэщIапIэщIэ. Абы и лэжьыгъэр зэтраухуащ, дэтхэнэми зыщIэупщIэ псомкIи чэнджэщ къыщратыфын хуэдэу.

Адрей илъэсхэми ещхьу, армэм а щIыкIэм тету зэгурыIуэныгъэ езыщIылIэхэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ я хуитыныгъэхэм зрагъэубгъу. Дзэ Iуэху хэхар къыщыхъея щIыпIэм ягъакIуэхэм, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и 15-м щIэрыщIэу къыдигъэкIыжа унафэм ипкъ иткIэ, федеральнэ центрым къикIыу зэ тыгъуэу сом мин 400 ират. КъинэмыщIауэ, апхуэдэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къыбгъэдэкIыу сом мелуанрэ мин 800-рэ къыIэрохьэ. ЗэгурыIуэныгъэм тету дзэм хыхьэну хуейхэм япэщIыкIэ яхоплъэ, армэм щыIамэ зэхагъэкI, зэгуэр къулыкъу ирихьэкIамэ, зыхэта дзэ пакIэм елъытауэ адэкIи ягъасэ, дерсхэр драгъэкIуэкI. Хуэхьэзыру къалъытэхэр япэ лъэбакъуэу «резерв батальонкIэ» зэджэхэм хагъэхьэ.

ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм зэгурыIуэныгъэ езыщIылIэм зыкъызэрыщIигъакъуэм ящыщщ «Ветеранхэм яхуэгъэзауэ» федеральнэ хабзэм къызэрыщыгъэлъэгъуауэ, къэрал мылъкукIэ фэтэр зыIэригъэхьэну хуитыныгъэ зэриIэр, и унагъуэм щыщхэми езыми я узыншагъэм щакIэлъыплъ хъуну IуэхущIапIэм пщIэ щIамыту зыщрагъэIэзэну Iэмал зэраIэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, зэпеуэ къыхэмыкIыу икIи пщIэншэу, щIэтIысхьэну хуит зэращыр. А щIыкIэм тету дзэм зэухылIэныгъэ ирищIылIэфынущ зи ныбжьыр илъэс 18-м къыщыщIэдзауэ 60-м фIэмыкIа дэтхэнэми.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Дунейм щыхъыбархэр

Хэкум и хъумакIуэхэр ягъэлъапIэ

«**Урысейр щIозэу и къэкIуэнум, пэжым, и щхьэхуитыныгъэм**», **- щыжиIащ УФ-м и Президент Путин Владимир дзэ Iуэху хэхам и лIыхъужьхэр щагъэлъапIэ зэхыхьэм**.

КЪЭРАЛЫМ и УнафэщIым къыхигъэщащ дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэхэм урысей зауэлIхэм я къалэныр щIыхь пылъу зэрыщагъэзащIэр, ахэр къэралым и щIыбагъ быдэу зэрыщытыр. «Абыхэм я лIыгъэмрэ тегушхуэныгъэмрэ я фIыгъэкIэ щIыпIэ, унэтIыныгъэ нэхъ гугъу дыдэхэм щекIуэкIа дзэ Iуэхухэр ехъулIэныгъэкIэ зэфIэха хъуащ», - жиIащ Путин Владимир.

Президентыр зауэлIхэм ехъуэхъуащ Хэкум и хъумакIуэм и махуэмкIэ икIи фIыщIэ яхуищIащ я къулыкъур нэгъэсауэ зэрырахьэкIым, я адэшхуэхэми хуэдэу къэралым зэрыхуэпэжым, абыхэм я щапхъэр я гъуазэу я къалэн мытыншыр зэрырахьэкIым папщIэ.

Я жэуапыр хьэзырщ

УФ-м и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий жиIащ Урысейм хуэунэтIа ядернэ Iэщэр Эстонием щагъэувмэ, абы хуэфэщэн жэуап Москва зэрыритыжынур. «**Абы щыгъуэм ди ядернэ Iэщэр Эстонием тедгъэпсэнущ, ар абыхэм фIы дыдэу къагурыIуэн хуейщ**», **- жриIащ абы «Урысей-1» телеканалым и журналист Зарубин Павел**.

КРЕМЛЫМ и лIыкIуэм къыхигъэщащ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным и IуэхукIэ Москва хузэфIэкI псори зэрищIэнур икIи дыщIигъужащ Урысейр европей къэралхэм зыкIи зэремыныкъуэкъур. Апхуэдэ псалъэмакъым щхьэусыгъуэ хуэхъуар Эстонием хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Цахнэ Маргус, НАТО-р хуей хъумэ, и щIыналъэм ядернэ Iэщэр щигъэувыну зэрыжиIарщ.

Иужьрей илъэсхэм зэгухьэныгъэм и къухьэпIэ гъунапкъэхэм жыджэру Iуэхухэр щригъэкIуэкIын щIидзащ. УФ-м и Президент Путин Владимир мызэ-мытIэу къыхигъэщащ Урысейр зыми зэрытемыуэнур. КъухьэпIэ политикхэм цIыхубэр я къэрал кIуэцIхэм щыIэ гугъуехьхэм щхьэщагъэун папщIэ, ахэр зэрагъэшынэн щхьэусыгъуэ нэпцIхэр щIэх-щIэхыурэ къалъыхъуэ.

Мазаем и 25, *бэрэжьей*

♦**1946 гъэм** Дзэ Плъыжьым зэреджэр Советыдзэ жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦**1916 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБКъУ-м и япэ ректору щыта **Бэрбэч ХьэтIуIэ**.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуэкIуэ Джэмалдин**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу лэжьа, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Ажахъуэ Къанщобий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 15. Абыхэм ящыщу 6-р хъыджэбз цIыкIущ, 9-р щIалэщ. Мазаем зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дуней къыщытехьащ сабий 575-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 1370-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Лъагъуныгъэ зыхуэпщIым гущIэр къегъэхъей.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм и лэжьакIуэхэр РИА КъБР-м и редактор нэхъыщхьэу щыта **Шахмурзаев Заурбэч Юрэ и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Шахмурзаевэ Iэминат Рахай и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Гъэшымрэ гъэшхэкIымрэ

2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэкIэ къызэрабжамкIэ, кхъуейрэ кхъуейлъалъэу щащIым, шэуэ щрагъахъуэм и куэдагъым хэхъуащ, къитащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм.

ЖЫПIЭНУРАМЭ, кхъуейрэ кхъуейлъалъэу тонн мини 5-м щIигъу къалэжьащ - 2024 гъэм яхузэфIэкIам нэхърэ процентi 10-кIэ нэхъыбэ.

Шэ зэфэм и куэдагъыр тонн мин 44-рэ хъуащ е 2025 гъэм ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 20-кIэ нэхъыбэу. Шатащхьэу трахащ тонн мини 163,3-рэ икIи 2024 гъэм яхузэфIэкIам нэхърэ процент 1,7-кIэ нэхъыбэщ ар.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Мазаем и 23-м, Хэкум и хъумакIуэм и махуэм, траухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэ дахэ щекIуэкIащ КъБКъУ-м.

Сэлэтхэм хуащI пщIэр къыхэщу

УНИВЕРСИТЕТЫМ и егъэджакIуэу, лэжьакIуэу, студенту Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым деж щызэхуэсащ еджапIэ нэхъыщхьэм и унафэщIхэмрэ студентхэмрэ. Дауэдапщэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутат, зауэм ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэм я «ВоИн» зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Тхьэгъэлэдж Тимур, Афганистанымрэ СВО-мрэ я ветеранхэм я урысей зэгухьэныгъэм и щIыналъэ гъэзэщIакIуэ гупым и унафэщI, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Галушкэ Михаилрэ зауэм и ветеран, СВО-м хэта Коваленкэ Романрэ. ХьэщIэхэмрэ еджапIэм щылажьэхэмрэ фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

Университетым и актовэ пэшым къыщызэрагъэпэща концертыр езыгъэкIуэкIхэр 1918 - 1945 гъэхэм щыIа, иджырей дзэ фащэр ящыгъыу къихьащ утыкум, Дзэ Плъыжьым къыщыщIэдзауэ Урысейм IэщэкIэ зэщIэузэда и иджырей къарухэм нэс я шыфэлIыфэр ныбжьыщIэхэм нэрылъагъу щащIу.

КъБКъУ-м и Ветеранхэм я советым и унафэщI Шурдым Хьэсэн къызэхуэсахэм захуигъэзащ. Абы къыхигъэщхьэхукIащ дзэм къулыкъу щызыщIэхэм, нэхъапэм зауэм хэта ветеранхэм защIэгъэкъуэным, щIэблэм абыхэм гулъытэ хуащIыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм пщIэ лей яхузощI. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, мащIэ дыдэщ абыхэм ящыщу къэнэжар. Дэ дигу илъыну ди къалэнщ ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьахэр, - жиIащ Шурдымым. - Нобэ догъэлъапIэ икIи фIыщIэ яхудощI Афганистаным, Шэшэным, Сирием щекIуэкIа зэпэщIэувэныгъэхэм хэта ди щIалэхэм. ФIыщIэ псалъэ хэхахэр яхуэфащэщ дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм. Псоми щытхъу ин фхуэфащэщ фи лэжьыгъэм, лIыхъужьыгъэм, лIыгъэм папщIэ. Сэ шэч къытесхьэркъым иджыпсту зи къалэныр зыгъэзащIэ ди дзэлIхэр я пщэрылъым зэрыпэлъэщынум, абыхэм текIуэныгъэ къызэрытхуахьынум.

Ди лIыхъужьхэм папщIэ зэхаша концертым хэтащ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ я артист ДыщэкI Артур, зауэ илъэсхэм яуса уэрэдхэм щыщ попурри КъБКъУ-м уэрэдымкIэ и «АмикС» театрым и солистхэм бзищкIэ - адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ ягъэзэщIащ, КъБКъУ-м къафэмкIэ «Каллисто» театрым и артистхэр «ТекIуэныгъэм и вальс» къэфащ.

Къызэхуэсахэм а махуэм япэу ирагъэлъэгъуащ ДыщэкI Артур и «Борись за жизнь» уэрэдымрэ клипымрэ. Граждан-хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ центрым и унафэщI, СВО-м и ветеран, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутат Шевчук Герман къыхигъэщащ клипым хэтхэр актёру зэрыщымытыр, атIэ езым и зауэлI ныбжьэгъухэм зэрызытрагъэхар.

«Мы клипыр актёр джэгукIэракъым зытеухуар, атIэ дэ сэлэтхэрщ, - захуигъэзащ къызэхуэсахэм Шевчук. - Мыбдежым дэтхэнэ зы кадрри псэзэпылъхьэпIэ хьэлъэхэм пхыкIа щIалэхэм я гъащIэм щыщ пычыгъуэщ. Си гъусэщ си зауэлI ныбжьэгъухэу Къаныкъуэ Ахьмэдрэ Жашуев Аслъэнрэ. Дэ дыхуейт мыбы еплъым сэлэтым и гурыщIэр зыхищIэну. Сыт хуэдэ ар жыпIэмэ, и унэ къигъэзэжынымкIэ сэбэп хъу гугъэрщ, фIэщхъуныгъэрщ, лIыгъэрщ».

Махуэшхуэм и кIэухыу капитан Крахмальный Павел и унафэм щIэту Росгвардием и дзэ оркестрым макъамэ игъэзэщIащ.

Тхыгъэри сурэтри **ШЭРIУЖЬ Даянэ** *ейщ.*

ХэкулI, щIэныгъэлI щэджащэм и вагъуэр ноби маблэ

КъБКъУ-м и япэ ректор Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу (1916 - 1965)

Къигъэнащ лъэужь нэху

1932 гъэм къызэIуаха Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутыр и лъабжьэу илъэс 69-рэ ипэкIэ, 1957 гъэм, ди республикэм университет иIэ зэрыхъуар Кавказ Ищхъэрэм къызэщIиубыдэ лъэпкъ щIыналъэ автономиехэми мыхьэнэшхуэ щызиIэ къэхъукъащIэт. ЩIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ адэкIи зегъэужьын зэрыхуейр ди къэралым а зэманым щекIуэкIа щIэныгъэ-техникэ революцэм къигъэува къалэнхэм ящыщт. ЛъагапIэщIэхэр къэзыщтэ экономикэр унэтIынығъэ псомкIи хуэныкъуэ хъуат лъэпкъ IэщIагъэлI куэд. ЩIыналъэхэм я еджапIэ нэхъыщхьэхэм хуэдэу, ахэр нэгъуэщI щIыпIэхэм зэпэщу щагъэхьэзырыфынутэкъым. Ар фIы дыдэу къызыгурыIуэ, гъащIэм и бэуэкIэр псэкIэ зыхэзыщIэ политик Iэзэт КъБКъУ-м и япэ ректору щыта Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр (1916 - 1965). Нобэ илъэси 110-рэ ирокъу а цIыху щэджащэр къызэралъхурэ.

БЭРБЭЧЫР Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм къыщалъхуащ. Жылэм и илъэсибл школыр 1931 гъэм къиуха нэужь, абы еджэным щыпищащ Новочеркасск къалэм дэт школым. Налшык дэт педагогикэ техникумым егъэджакIуэ IэщIагъэр щызригъэгъуэтри, 1936 - 1940 гъэхэм и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Крупская Надеждэ и цIэр зэрихьэу Ленинград дэта институтым. КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэр 1942 гъэм къиуха нэужь, Бэрбэчыр Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м лэжьакIуэ къагъэкIуэжащ. А илъэсым и бадзэуэгъуэ - фокIадэ мазэхэм ар тхыдэмкIэ егъэджакIуэу щыIащ КПСС-м и обкомым къепхауэ лажьэ парт школым.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм пIалъэкIэ щаубыда лъэхъэнэм ар Куржым и къалащхьэ Тбилиси, иужькIэ Тварчели къалэхэм щыпсэуащ. 1942 гъэм и жэпуэгъуэм къыщыщIэдзауэ 1943 гъэм и мазае пщIондэ партым и Тварчели къалэ комитетым лектору щыIащ. Ди щIыналъэр бийм къыIэщIахыжу хуит хъужа нэужь, абы къигъэзэжащ икIи КПСС-м и Налшык къалэ советым и секретару, иужькIэ партым и Прималкинскэ къалэ комитетым и секретару, КПСС-м и обкомым и лектору лэжьащ.

1945 гъэм и мазаем къыщыщIэдзауэ 1948 гъэм и гъатхэпэ пщIондэ Бэрбэч ХьэтIутIэ лэжьащ Республикэ радиокомитетым и унафэщIу. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм ар пэрытащ жэуаплыныгъэ зыпылъ нэгъуэщI къулыкъухэми. Бэрбэчыр щытащ КПСС-м и обкомым и оргинструктор къудамэм, административнэ IэнатIэм я пашэу. 1950 - 1957 гъэхэм ХьэтIутIэ лэжьащ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару.

1952 гъэм къыщыщIэдзауэ Бэрбэч ХьэтIутIэ хэтащ Мамырыгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр комитетым. 1954 гъэм Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ академием, КПСС-м и ЦК-м и нэIэм щIэту лажьэм, и илъэс курсхэм щеджащ икIи «Къэбэрдей социалист лъэпкъыр къызэрыунэхуамрэ абы игъуэт зыужьыныгъэмрэ» къэхутэныгъэ диссертацэр игъэхьэзыращ, ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ икIи тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат цIэр къыфIащащ.

1956 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм КъБАССР-м и Министрхэм я Советым СССР-м и унафэщIхэм я деж игъэхьауэ щытащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур республикэм щыгъэлъэпIэн зэрыхуейм теухуа тхылъ, абы ирихьэлIэу гъэзэщIапхъэу къалъытэхэр иту. А тхылъым щхьэхуэу къыщыгъэлъэгъуат пединститутыр къэрал университет щIын зэрыхуейм теухуа жэрдэмри. Нэрылъагъут экономикэмрэ жылагъуэмрэ апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэ зэрыхуэныкъуэр. Университет ди щIыналъэм къыщызэIухыпхъэу къэзылъытэ ХьэтIутIэ лIыгъэ къыкъуэкIащ и гупсысэм лъабжьэшхуэ зэриIэр куэдым къагуригъэIуэну, и мурадхэр зригъэхъулIэну. Бэрбэчым и Iуэху еплъыкIэр къыдаIыгъыу, лъэпкъ интеллигенцэм щыщ щIэныгъэлIхэр, IэщIагъэлIхэр мызэ-мытIэу тхащ щIыналъэ, къэрал унафэщIхэм я деж, Бэрбэчым къыхилъхьа жэрдэмыр зэрыIэмалыншэ Iуэхур къыхагъэщу.

1957 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м СССР-м и Министрхэм я Советым унафэ къищтащ Къэбэрдей пединститутыр и лъабжьэу, ди республикэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет къызэрыщызэIуахым теухуауэ. РСФСР-м и Министрхэм я Советми а зэман дыдэм унафэ ищIащ Налшык мэкъумэш техникумым и унэр, общежитыр, еджапIэм и мылъку-техникэ базэр псори КъБКъУ-м етын хуейуэ. Куэд дэмыкIыу нэгъуэщI зы укази къаIэрыхьащ республикэм и унафэщIхэм: «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору гъэувын тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр», - жиIэу иту.

И къулыкъум щыпэрыува япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ ХьэтIутIэ лъэкIыныгъэу, зэфIэкIыу бгъэдэлъ псори ирихьэлIащ еджапIэ нэхъыщхьэм и щIэныгъэ, техникэ лъабжьэр егъэфIэкIуэным, ар нэхъри гъэбыдэным. Абы фIыуэ къыгурыIуэрт щIэныгъэм и зыужьыныгъэм щIыналъэм къыхуихьыну ехъулIэныгъэ лъагэхэр, икIи еджапIэм занщIэу лэжьапIэ къригъэблэгъащ къэралым и математик, физик, химик, филолог цIэрыIуэхэр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Бэрбэчым игъэтIылъащ университетым и егъэджэныгъэ-щIэныгъэ лъабжьэ быдэр. Нобэ еджапIэм зыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэми я лъабжьэ, къежьапIэ пэж хъуащ Бэрбэчым абы щыгъуэ иубзыхуа Iуэху зехьэкIэр.

Къызэригъэпэща университетым Бэрбэч ХьэтIутIэ нэхъыбэм зэреджэр «гъащIэм и нэхугъэ», «зыужьыныгъэм и джэлэс» псалъэхэмкIэт. ИпэжыпIэкIэ а еджапIэ нэхъыщхьэм ди цIыхубэр щIэныгъэм и нэхум хуишащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэрызэIуахым щымыгуфIыкI зы цIыхуи исуу къыщIэкIынтэкъым ди щIыналъэм. КъБКъУ-р къызэрызэIуахым теухуа гуфIэгъуэ зэIущIэ ин республикэм щекIуэкIащ 1957 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м. Ди республикэм и щIэныгъэ-творческэ интеллигенцэм, ди цIыху псоми гуфIэгъуэшхуэр даIыгъыну щIыналъэм къеблэгъат Москва, Ленинград, Кавказ Ищхъэрэм и адрей щIыналъэхэм я лIыкIуэхэр, къэрал унафэщIхэр. Махуэшхуэ зэхуэсым и утыкум доклад щищIат абы и ректор Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэм.

Университетым и зэфIэувэныгъэм Бэрбэч ХьэтIутIэ хуищIа хэлъхьэныгъэр абрагъуэщ. Ар зыцIыхуу щытахэм я гукъэкIыжхэм къызэрыхэщыжымкIэ, ХьэтIутIэ цIыху телъыджэт, и гупсысэкIэрэ Iуэху еплъыкIэрэ иIэжу, къыпэщылъ къалэнхэмрэ мурадхэмрэ ищIэу. Абы гъащIэм, зыпэрыта къэрал, жылагъуэ IэнатIэхэм дапщэщи япэ щригъэщар цIыхубэм сэбэп яхуэхъун зэрыхуейрт. А унафэщI щыпкъэм и фIыгъэщ КъБКъУ-м зэман кIэщIым къриубыдэу хэпщIыкIыу зэрызиужьар, математикэ, физикэ, химие, филологие щIэныгъэхэмкIэ ехъулIэныгъэфIхэр зэрызыIэригъэхьар, IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым щыхурагъаджэ зэрыхъуар.

Езы Бэрбэчми и щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ хигъахъуэ зэпытт. 1962 гъэм ирихьэлIэу игъэхьэзыращ икIи ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэр социализмэм зэрыхуэкIуар» доктор диссертацэр.

НэгъуэщI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэ куэди и къалэмыпэм къыпыкIащ Бэрбэчым. Абыхэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и совет тхыдэм теухуа очеркхэр», «Къэбэрдей лъэпкъым совет лъэхъэнэм игъуэта зыужьыныгъэмрэ щIэныгъэмрэ», «Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я совет автономиер», нэгъуэщIхэри.

Бэрбэч ХьэтIутIэ хэтащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием Социалистическэ, коммунистическэ ухуэныгъэмкIэ и ЩIэныгъэ советым, Кавказ Ищхъэрэм Гуманитар унэтIыныгъэхэмкIэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щызэгъэуIунымкIэ и щIэныгъэ советым. ХьэтIутIэ мызэ-мытIэу хэтащ икIи доклад купщIафIэхэр щищIащ щIыналъэпсо, къэралпсо щIэныгъэ конференцхэм, симпозиумхэм, нэгъуэщI зэхуэсхэм. КъуэкIыпIэр зыджхэм я дунейпсо конгрессу 1965 гъэм Москва щекIуэкIам и делегату щытащ.

Къэралым, республикэм я жылагъуэ, политикэ гъащIэм жыджэру зэрыхэтам, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм фронтым и щIыбагъкIэ зэфIиха Iуэхугъуэхэм папщIэ Бэрбэчым къыхуагъэфэщащ дамыгъэ зыбжанэ. Апхуэдэу абы мызэ-мытIэу къратащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къыбгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и япэ ректорым и гъащIэ купщIафIэм, лъэпкъ щIэныгъэмрэ щIыналъэ зыужьыныгъэмрэ абы хуищIа хэлъхьэныгъэ инхэм яхуэфащэ жьантIэ увыпIэр щаубыд ди республикэм и тхыдэм. Бэрбэч ХьэтIутIэ игъуэтащ лъэпкъым къыбгъэдэкI фIыщIэ инрэ пщIэ лъагэрэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэ нэхъыщхьэм зыщегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэр къалъытэри, КъБР-м и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ и унафэкIэ университетым фIащыжащ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр. Илъэси 10 ипэкIэ, Бэрбэчыр къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу, КъБКъУ и щIыхьэпIэ нэхъыщхьэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ щыт скверым къыщызэIуахауэ щытащ япэ ректорым и фэеплъыр. ХьэтIутIэ и цIэр фIащащ ар къыщалъхуа Аушыджэр къуажэм и уэрам нэхъыщхьэхэм ящыщ зым.

Лъэпкъ тхыдэм и напэкIуэцIхэм дыщэпскIэ иратхахэм ящыщщ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр. Хэкупсэм и лъэужь нэхур куэдрэ хэгъуэщэжынукъым.

КЪАРДЭН Маритэ.

Япэу къыщызэIуахар ди дежт

Къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщу нэхъыфIхэм хабжэ ди университетыр къызэIухыныр Iуэху тынштэкъым. Ауэ Бэрбэч ХьэтIутIэ хузэфIэкIащ а зэманым къэрал унафэщIу щытахэу Хрущёв Никитэ, Ворошилов Климент, Микоян Анастас, нэгъуэщIхэми захуигъазэу, зи ужь ихьар ехъулIэныгъэкIэ зэфIихын. Апхуэдэу, Къэбэрдей пединститутыр и лъабжьэу, факультетиплIу зэхэту (тхыдэ-филологие, физико-математикэ, инженер-техникэ, мэкъумэш) ди щIыпIэм къэрал университет 1957 гъэм къыщызэIуахри, республикэм и щIэныгъэр гъуэгуанэщIэ теуващ.

АР хуабжьу мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхут - Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ автономиехэм ящыщу университет япэу къыщызэIуахар ди дежт. ЩIэныгъэлI гъуэзэджэ Бэрбэч ХьэтIутIэ хиша гъуэгум адрей республикэхэри иужькIэ ирикIуауэ щытащ. КъищынэмыщIауэ, IэщIагъэ зэхуэмыдэ куэдым щыхурагъаджэ университетхэр къэралым къыщызэIухыныр къыщежьари абдежщ. КъБКъУ-р къызэIухыныр ирихьэлIат Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум.

ЕджапIэ нэхъыщхьэм и статусыр зэрахъуэжам къалэну къыхуигъэувыр зыхуэдизыр фIыуэ зыщIэ ректорым а лъэхъэнэм зэфIигъэкIар мащIэкъым. Университетыр къыщызэIуахагъащIэм ХьэтIутIэ илэжьа IуэхугъуэфIхэм ящыщщ къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъ лъэщхэм къришурэ IэщIагъэлI лъэрызехьэхэр, щIэныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ профессор цIэрыIуэхэр КъБКъУ-м къызэрыригъэблэгъар. НэгъуэщI гуныкъуэгъуэ ямыIэу гукIи псэкIи я лэжьыгъэм пэрытын папщIэ ректорым абыхэм псоми фэтэр зэгъэпэщахэр къахудихат. Абыхэм зэфIагъэуващ физикэмкIэ, химиемкIэ, биологиемкIэ щIэныгъэ школхэр, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм, щIэныгъэ-къэхутэныгъэм я унэтIыныгъэхэр яубзыхуащ. Бэрбэчым и жэрдэмкIэ къэралым и университетхэм щагъэхьэзыру щIадзащ КъБКъУ-р зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр.

И лъэпкъым зиужьыным гукIи псэкIи хуэлэжьа цIыхут Бэрбэчыр. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и къызэгъэпэщакIуэрщ адыгэхэм ящыщу япэу тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор хъуар. Профессор цIэрыIуэм, щIэныгъэлI щыпкъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я тхыдэр джыным, зэфIэгъэувэжыным ехьэлIа къэхутэныгъэ лэжьыгъэ куэд иригъэкIуэкIащ.

Укъэзымыцlыху гупым уахыхьа иужькIэ, абыхэм пщIэ зыхуебгъэщIыфмэ - ар цIыхум и зэфIэкIым и лъагагъыр къэзыгъэлъагъуэщ. ХьэтIутIи и хьэл-щэнымкIэ цIыхухэр къыдихьэхыфырт. Мис абы и зы щапхъэ. «Пушкин Александр» кхъухь иным дису Европэм ихъуреягъкIэ къэткIухьырт 1965 гъэм. Абы щыгъуэ дызэгъусащ ХьэтIутIэрэ сэрэ. Кхъухьым цIыху мин ист, итIани зы тхьэмахуи дэкIатэкъым Бэрбэчыр абы цIэрыIуэ щыщыхъуам. Абы и теплъэм, и щытыкIэм, и гушыIэкIэм псори къыдахьэхырт. Кхъухьым и макъамэ салоным щхьэж хузэфIэкI джэгукIэр къыщигъэлъагъуэрт. Бэрбэчыр адыгэ къафэм зэрыхуэIэзэр сщIэрти, псоми зэхахыу жысIащ: «Иджыпсту фи нэгу щIэкIынущ ХьэтIутIэ игъэзащIэу ислъэмей къафэ». Iэгуауэшхуэ хуаIэту утыкум итат икIи къикIыжат ар абы щыгъуэм. Адрей туристхэм абы иужькIэ Налшык икIахэм щIэх-щIэхыурэ зыкъытхуагъазэрт: «Дэнэ щыIэ фи ректор дахэр?» - жаIэурэ.

Бэрбэчым Iуэху зехьэкIэ хьэлэмэт иIэт, и дуней тетыкIэри адрейхэм ещхьтэкъым, и хьэл-щэнымкIи цIыхухэр къыдихьэхыфырт. Ар щыпсалъэкIэ уемыдэIуэну гугъут, сыту жыпIэмэ и псэлъэкIэ къудейм удихьэхырт, езым тхылъымпIэ гуэри къимыгъэсэбэпу, жиIэр къазэрыщыхъур зригъащIэу цIыхухэм я нэгу иплъэу и Iуэху еплъыкIэр къиIуатэрт. ХьэтIутIэ кIий-гуохэм ящыщтэкъым - хуэму, ауэ пхыкIыу псалъэрт. ЛIы зэпIэзэрытым, лъагъугъуафIэм и теплъэ къудейми и псэлъэгъухэр дихьэхырт.

Лъэныкъуэ куэдкIэ зэфIэкIышхуэ зиIа щIэныгъэлIт Бэрбэч ХьэтIутIэ. Мызэ-мытIэу ар хахащ партым и обкомым и бюром, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщIу щытащ, орденитIрэ медаль зыбжанэри къыхуагъэфэщат.

Лъэныкъуэ куэдкIэ зэфIэкIышхуэ зиIа Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр хуэфащэу зэрехьэ ди республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэм. А щIэныгъэлI щэджащэм и гъащIэр я щапхъэщ университетым нобэ щылажьэ IэщIагъэлIхэм.

Куэдым ефIэкI, зыми емыщхь Бэрбэч ХьэтIутIэ IуащхьэмахуэмэI и щыгу дыдэ ихьауэ щытащ. Бгым и лъагапIэм зэрынэсам ещхьыркъабзэу, щIэныгъэм, щэнхабзэм я щыгуми ихьэфащ Бэрбэчыр.

КIУЭКIУЭ Джэмалдин,
КъБКъУ-м и профессору щыта, РАЕН-м и академик. 2018 гъэ.

КъэкIуэнум хуэпабгъэт

Адыгэ уэзэщIакIуэ цIэрыIуэ Къэзанокъуэ Жэбагъы еупщIат, жи, «Хэт лIыфIу тлъытэнур?» - жаIэри. «Зэманым декIур лIыфIщ», - жэуап итыжыгъат а лы Iущым.

ЖЭУАП кIэщIхэм, зэрыхабзэщи, зэпкърыпхыжын хуейуэ къагъэув. Сыту пIэрэ-тIэ Жэбагъы «Зэманым декIур лIыфIщ» жэуапымкIэ жиIэну зыхуеяр? Абы и щапхъэ нэсщ Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэм и гъащIэ купщIафIэр. ХьэтIутIэ нэсу къыгурыIуащ зыхэпсэукI лъэхъэнэм къигъэув къалэнхэр, япэ иригъэщ Iуэхугъуэхэр. Ахэр и тегъэщIапIэу, абы хузэфIэкIащ пщэдейрей махуэм лъэпкъым къыпигъэтIылъыну Iуэхугъэхэм яхуэкIуэ Iуэхугъуэхэр нобэм зэфIихын. КъэкIуэну зэманым хуэлэжьащ а парт, къэрал къулыкъущIэ IэкIуэлъакIуэр.

Языныкъуэхэм къазэрыщыхъумкIэ, «зэманым декIур» ар цIыху жыIэщIэу, нэIурыту, жыIэдаIуэу щытхэрщ. Апхуэдэ цIыхухэм жэрдэм гуэри къабгъэдэкIыркъым, ахэр «псы ежэхым зыдехь», зыми зэран яхуэхъуркъым, езыхэри къизыдзащэ щыIэкъым. Къохъур ахэр «ищхьэмкIэ къыщыдридзей», къулыкъушхуэхэр хуэмыфащэу щаIэрыхьэ. Апхуэдэхэм деж абыхэм пщIэи щхьэи куэдым хуащIынукъым, а ягъуэт мащIэри, дыгъэпсым хэткIу-хьыж пшагъуэм хуэдэу, кIуэдыжынущ, унафэр зэрыIэщIахыу.

Бэрбэч ХьэтIутIэ зыгуэрым зыхуигъэщхъын дэнэ къэна, езы зэман дыдэр къэзыгъэIурыщIэфа цIыху телъыджэт. Пединститутыр университет ищIыну мурад щищIам щыгъуэ, шэч хэлъкъым, куэдым я гугъащ а гупсысэм лъабжьэ имыIэу икIи мызыгъуэгукIэ ар зыми хузэфIэмыкIыну. Акъыл шэщIарэ гупсысэ куурэ зыбгъэдэлъ адыгэлIыр къыпикIуэтакъым гъащIэм, цIыхухэм къыхуагъэува лъэпощхьэпохэм. ЩIыналъэ псом щыяпэ, IэщIагъэ куэдым щыхурагъаджэ университет Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыщызэIуихам и мызакъуэу, зэман кIэщIым кърихубыдэу Бэрбэчым ар ищIыфащ есэпымкIэ, техникэмкIэ, гуманитар унэтIыныгъэхэмкIэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр икIи купщIафIэхэр щызэфIах щIэныгъэ центр ин.

Зы пщалъэ гуэрми тыншу пхуимыгъэзагъэ лэжьыгъэшхуэ лъэпкъми къэралми хуэзылэжьа цIыхущ Бэрбэч ХьэтIутIэ. Абы и цIэр, и фэеплъыр зэи мыкIуэдыжынщ, сыту жыпIэмэ Бэрбэчым и цIэр къызыхэщыр ди университетым и фIэщыгъэм и закъуэкъым, атIэ а унэцIэр хэтщ унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щызыгъэщIа щIэныгъэлIхэм я къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэхэм. Нэхъыщхьэжыращи, ХьэтIутIэ и цIэр я гум ильщ ар зи пашэу щыта еджапIэ нэхъыщхьэр къэзыуха IэщIагъэлI минхэм: егъэджакIуэхэми, агрономхэми, зоотехникхэми, инженерхэми, дохутырхэми, нэгъуэщIхэми.

Иджыри илъэсищэ куэдкIэ ящыгъупщэнкъым Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр.

ГЪУТ Iэдэм,
филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор.

Бэрбэч ХьэтIутIэ хужаIахэр

* * *

Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр и теплъэкIи, и псэкIи цIыху дахэщ. Совет Союзым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я ректорхэм ар сыт и лъэныкъуэкIи фIыкIэ къахощ. ХьэтIутIэ хуэдэ къуэ гъуэзэджэ зиIэ лъэпкъым и насыпщ.

КЕЛДЫШ Мстислав,
РАН-м и академик. 1961 гъэ.

* * *

Адыгэ лъэпкъ уардэм и къуэ телъыджэщ Бэрбэч ХьэтIутIэ. ЩIэныгъэлI цIэрыIуэм лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ лъэпкъ IэщIагъэлIхэр къэралым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хуэгъэхьэзырымкIэ.

ЯШВИЛИ Нугзар,
Грузие ССР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ. 1965 гъэ.

* * *

ЦIыхубэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэтын IуэхущIапIэ ди республикэм къыщызэгъэпэщынымкIэ къыпхуэмылъытэным хуэдиз фIыщIэ зыхуэфащэ лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ Бэрбэч ХьэтIутIэ.

Политик Iущ, узэщIакIуэ щэджащэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр зэфIэзыгъэува, зихуэдэ щымыIа абы и япэ ректор Бэрбэчыр сыт и лъэныкъуэкIи я щапхъэт Кавказым щыпсэу цIыхухъухэм. Абы хуэдэ нэгъуэщI зыри сэ сцIыхуркъым.

КЪАРДЭН Къубатий,
Совет Союзым и ЛIыхъужь. 1991 гъэ.

И дуней еплъыкIэр къулейт

Бэрбэч ХьэтIутIэ си къуажэгъуу икIи си ныбжьэгъуфIу щытащ. Ди Аушыджэр жылэжьым дэт курыт школым дыщызэдеджащ. ИужькIэ, 30 гъэхэм я пэщIэдзэхэм, ди гъуэгуанэхэр зэхэкIащ икIи куэдрэ дызэримыхьэлIэу екIуэкIащ. ХьэтIутIэ Налшык дэт педтехникумым щIэтIысхьащ. Зэман дэкIри, сэри а еджапIэм сыкIуащ, ауэ абы щыгъуэ Бэрбэчыр Ленинград щеджэкIэт.

ДЭ тIур дыщызэхуэзэжар Хэку зауэшхуэм и зэманырщ. ХьэтIутIэ партым и Налшык къалэ комитетым и секретару лажьэрт, сэ Совет район комитетым и къудамэм сриунафэщIт. Лэжьыгъэ IуэхукIэ щIэх-щIэхыурэ дызэрихьэлIэрти, ХьэтIутIэ си гъащIэр зэрекIуэкIым щIэупщIэрт, зауэм къызэсха уIэгъэ хьэлъэм тегузэвыхьырт. А илъэсхэм сэ куэдрэ сыщыхьэщIащ Къэбэрдей уэрамым тета абыхэ я унэм. Дэ куэдрэ дыуэршэру дызэбгъэдэст, и дзыхь къызигъэзырт, республикэм щекIуэкI мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм щыгъуазэ сащIырт.

Налшык сыкъагъакIуэу радионэтынхэмкIэ республикэ комитетым и тхьэмадэу сагъэува нэужь, дэ нэхъыбэрэ дызэхуэзэ хъуат. Идеологием теухуауэ республикэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм сыхэткIэрэ, сэ си нэгу щIэкIащ си къуажэгъум, ныбжьэгъум и парт лэжьыгъэр зэрызэфIэувар, коммунистхэм я деж ХьэтIутIэ и пщIэр зэрыщылъагэр.

Абы бгъэдэлъ щэнхабзэмрэ щIэныгъэ куумрэ зыхэт гупым куэдкIэ къыхагъэфIыкIырт. ХьэтIутIэ сыт хуэдэ лэжьыгъэри къызыхуэтыншэу зэфIигъэкIыфырт. Езым и фейдэ зыхэлъ гуэр абы къыхигъэкIыну игу къэмыкIыххэу, Iуэхум гурэ псэкIэ бгъэдыхьэрт, пэжым, захуагъэм дапщэщи я телъхьэт.

Бэрбэч ХьэтIутIэ хыхьэхэкI зиIэ, дэтхэнэ зыми зэрепсэлъэну бзэ къыхуэзыгъуэтыф, студент щIалэгъуалэр фIыуэ зылъагъу, абыхэм пщIэ яхуэзыщI цIыху гъуэзэджэт. Лекцэ нэужьым къыхуихуэ зыгъэпсэхугъуэ дакъикъэхэм ар студентхэм къаухъуреихьауэ яхэту куэдрэ плъагъурт. Апхуэдэхэм деж ар тепсэлъыхьыжырт къызэджа лекцэхэм е и гъащIэм зыщрихьэлIа Iуэхугъуэ нэхъ гъэщIэгъуэнхэм ящыщ студентхэм яжриIэжырт. Студентхэми егъэджакIуэхэми Бэрбэчыр фIы дыдэу къалъагъурт. Абы и щыхьэтщ ХьэтIутIэ дунейм ехыжа нэужь, илъэс куэдкIэ университетым и студент общежитым абы и сурэтхэм дэнэкIи ущрихьэлIэу зэрыщытар.

Хэлъ цIыхугъэ инырт, зыхэпсэукI зэманым декIуу зэрыщытырт, дуней еплъыкIэ къулей зэриIэрт, дауи, ХьэтIутIэ куэдым я гум щIынэсыр. Бэрбэчыр зыцIыхуа, абы хуэзэну, епсэлъылIэну зи насып крихьэкIа дэтхэнэми, шэч хэлъкъым, ар фIыкIэ и гум къинащ.

КЪАРДЭН Башир,
КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым и декану, Хэку зауэшхуэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветерану щыта. 1998 гъэ.

Къулыкъу лъагэр къигъанэри...

1957 гъэм университетыр къызэрызэIуахым теухуауэ Москва кърагъэха унафэм институтым и лэжьакIуэхэм я зэхуэсым къыщытхуеджар, а хъыбар гуапэр япэу къытлъэзыгъэIэсар Бэрбэч ХьэтIутIэщ. А еджапIэ нэхъыщхьэ иныр ди республикэм къыщызэIуахын папщIэ, ХьэтIутIэ зэфIигъэкIащ къыпхуэмылъытэным хуэдиз Iуэхушхуэ.

БЭРБЭЧЫР а зэманым обкомым и секретару лажьэрт, ауэ къулыкъу лъагэр къигъанэри, университетым и ректору увыну арэзы хъуауэ щытащ. Абы и Iуэху зехьэкIэм цIыхухэр кIэлъыплъырт икIи я фIэщ хъурт университетым къыпэщылъ лэжьыгъэшхуэр ХьэтIутIэ зэрызэфIигъэкIыфынур.

Сэ урысыбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм сриунафэщIт абы щыгъуэ. Бэрбэчымрэ сэрэ щIэх дыдэу дызэрыцIыхуащ икIи занщIэу къызгурыIуащ ХьэтIутIэ лъэпкъ Iуэхур япэ изыгъэщ, цIыхугъэшхуэ зыхэлъ, зэманым декIу щIэныгъэлI щыпкъэу зэрыщытыр. А лIы телъыджэм хэлъа а хьэлщэнхэр иужькIи куэдрэ си нэгу щIэкIащ.

Бэрбэчым теухуауэ си гум къинэжа Iуэхугъуэ гуэрхэмкIэ садэгуэшэну сыхуейщ «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм.

Бэрбэч ХьэтIутIэ тхыдэмкIэ игъэхьэзыра доктор диссертацэм сыхэплъэну къеIысхат. Лэжьыгъэм хуабжьу сыдихьэхауэ сыкъеджат икIи сымыгъэщIэгъуэн слъэкIакъым ректор щIалэм къэухь ин зэриIэр. Ар ящыщт а зэманым интеллект ин дыдэ зыбгъэдэлъа цIыху мащIэхэм.

Урысыбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и унафэщIыр хахынути, партым и обкомым и зэхуэсым ХьэтIутIэ си цIэр къыщриIуат зэгуэрым. Си закъуэтэкъым а къулыкъум хуагъэлъагъуэр, нэгъуэщI зы щIали а IэнатIэм хуеIэрт. Си ныкъуэкъуэгъухэр нэхъыбэти, Iуэхур езыхэр зэрыхуейм хуэдэу зэфIагъэкIын я мураду, «Щэрданым и адэр политикэ репрессием хэхуащ» жиIэу иту обкомым тхыгъи щIалъхьат. Ауэ Бэрбэчыр къахуикIуэтакъым. «Къулыкъу щаткIэ, къэлъытэн хуейр цIыхум бгъэдэлъ зэфIэкIырщ», - жиIэри езым и Iуэху еплъыкIэр щыпхигъэкIауэ щытащ обкомым.

Зэгуэрым университетым щIэтIысхьэхэм яхэтт ректорым и благъэ хъыджэбз цIыкIу, арщхьэкIэ ар Бэрбэчым и благъэуи, абы ар тегузэвыхьыуи дэ къыщытщIар экзаменхэр зэфIэкIа нэужьщ. Япэ илъадэу зыгуэр жиIэн и щхьэ хуигъэфэщатэкъым абы.

Бэрбэч ХьэтIутIэ ди гум къызэринар Iуэху зехьэкIэ пэрытым хуэIэижь, зыхэпсэукI лъэхъэнэм и цIыху пажэущ. ГушыIэкIэ дахи хэлът абы. ЖыпIэнурамэ, къызыхэкIа и лъэпкъым папщIэ куэд дыдэ хузэфIэкIащ Бэрбэчым, нэхъыбэжми пэлъэщынут, ауэ хунэсакъым.

ЩЭРДАН Iэбу,
филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта. 2011 гъэ.

КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм щолажьэ. *1964 гъэ*

Шэджэм аузым щагъэхьэщIэ усакIуэ, зэдзэкIакIуэ цIэрыIуэ Козловский Яков. Абы и гъусэщ Тресков Илья, Гугу Рашад, Кулиев Къайсын, Бэрбэч ХьэтIутIэ, Геттуев Магомет сымэ. *1964 гъэ*

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**

И IэщIагъэр и псэм хэлът

● Гъуазджэ

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм, абы и псыпэр езышэжьахэм ящыщ, РСФСР-м и цIыхубэ, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист, режиссёр, зэдзэкIакIуэ Iэзэ Сонэ Мухьэрбий къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

СОНЭ Мухьэрбий Аруан щIыналъэм хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм 1916 гъэм мазаем и 23-м къыщалъхуащ. Педучилищэр къиуха нэужь, курыт еджапIэм и егъэджакIуэу лэжьащ икIи художественнэ самодеятельностым хэтащ. Арауэ къыщIэкIынущ ар утыкушхуэм хуэзышари.

1935 гъэм Сонэр яхэхуащ Москва театр гъуазджэмкIэ Луначарскэм и цIэр зезыхьэ институтым и Къэбэрдей лъэпкъ театр студием Леонидов Л. М. и унафэм щIэту щрагъэджэну къыхаха, зэфIэкI зиIэу къалъыта щIалэгъуалэм. ЩIэныгъэ зиIэ актёрхэм Налшык 1940 гъэм къагъэзэжащ икIи ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и труппэм хагъэхьащ.

Лъэпкъ театр гъуазджэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа, абы роль куэд щызыгъэзэщIа Сонэр артист къудейтэкъым, атIэ икIи режиссёрт, драматургт. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым абы щигъэуващ пьесэ зыбгъупщI. Апхуэдэхэщ Мольер и «Скапен зэхищIыхьахэр», Къущхьэ СулътIан «Я фIэщ ущыхъукIэ» зыфIищар, Чеховым и «Мыщэ» водевилыр, нэгъуэщIхэри.

Сонэ Мухьэрбий и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Ухеймэ - улъэщщ» пьесэр, зы акт фIэкIа мыхъу нэгъуэщI пьесэ куэд, рассказхэр. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм я нэхъыбэр дунейм къытехьакъым, езыр цIыху щэхуу зэрыщытам, и лэжьыгъэхэр пхигъэкIын Iуэху зэрызримыхуам къыхэкIыу. Мухьэрбий зэридзэкIа пьесэ куэди щагъэуващ адыгэ театрым: Мольер и «ЗалымыгъэкIэ ягъэIэзар», Шекспир и «Ромеорэ Джульеттэрэ», Горькэм и «Вассэ Железновэр», Симоновым ей «Сэ къызэжьэ» жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу Щхьэгъэпсо Мухьэмэд и гъусэу Сонэм осетин драматург Токаев Асах и «Псэлъыхъухэр» пьесэр 1950 гъэм адыгэбзэкIэ зэридзэкIауэ щытащ. А лэжьыгъэхэр щыхьэт тохъуэ Сонэ Мухьэрбий адыгэ театрым и зыужьыныгъэм и зэфIэкI зэрырихьэлIам, и гуащIэр куэдым зэрылъэIэсам.

Ар къэзэзыцIыхуу щытахэм зэрыжаIэжымкIэ, дэтхэнэ зы ролри, цIыкIущ е инщ жимыIэу игъэзащIэрт, и зэфIэкIи и къаруи ирихьэлIэу. Псори къызэщIэпкъуэжмэ, а артист цIэрыIуэм сценэм роли 120-м щIигъу къыщехъулIащ.

Урыс режиссёр цIэрыIуэ Немирович-Данченкэ 1941 гъэм Налшык щыIэу «Фигаро и фызышэм» щеплъам, Сонэм жриIат: «Си гугъакъым мыпхуэдэ артист Налшык щыслъэгъуну. Уэ утыкум ущоджэгу, мыдэ француз дыдэр зэрыщытын хуейм хуэдэу. Фигаро зэрыщытыпхъэр уи деж щыдолъагъу. Си гуапэщ дяпэкIи ебгъэфIэкIуэну».

ЗэрытщIэщи, артистхэм зыр адрейм емыщхьу, щхьэж езым и хъэтI, и утыку итыкIэ иIэжщ, ауэ театрыр фIыуэ зылъагъухэм, абы хэзыщIыкIхэм Сонэр къыхагъэщхьэхукIырт и IэщIагъэм гурэ псэкIэ зэрыбгъэдэтымкIэ, и IэнатIэм зэрыхуэпэжымкIэ. Абы зэхуэдэу къехъулIэрт дыхьэшхэн ролри, трагедиери, драмэри. Ар икъукIэ лэжьакIуэшхуэу, артистышхуэу, цIыхугъэшхуэ хэлъу щытащ, театрым щылажьэ щIалэгъуалэм я щапхъэу. Жэщ-махуэ псокIэ итыфынут ар сценэм, зыгъэпсэху жыхуаIэр имыщIэу. Образ къигъэщIхэри телъыджэт, гуимыхужт.

Сонэ Мухьэрбийрэ и щхьэгъусэ Сибэч Быхуэрэ я IэщIагъэм хуэпэжу къэгъуэгурыкIуащ, Къэбэрдей театр гъуазджэм, республикэм и щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ ин хуащIащ.

Гъуэгугъэлъагъуэу ущытыныр, япэ уитыныр зэрыкъалэн гугъур, жэуаплыныгъэшхуи зэрыпылъыр фIыуэ къыгурыIуэрт абы. Ди лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным псэемыблэжу хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа а цIыху гуащIафIэр, адыгагъэ нэс зыхэлъар, артист гъуэзэджэр ноби цIыхухэм ящыгъупщэркъым.

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лэжьакIуэхэм, Сонэ Мухьэрбий и фэеплъыр яхъумэн папщIэ, Налшык къалэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и Советым зэрызыхуагъэза лъэIум арэзы техъуэри, Лениным и уэрам ар щыпсэуам тет унэ №12-м фэеплъ пхъэбгъу кIэралъхьащ 2009 гъэм. 2020 гъэм, абы и гъунэгъуу, фIадзащ Мухьэрбий и щхьэгъусэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Сибэч Быхуэ и фэеплъри.

АРЩЫДАН Дахэнагъуэ.

ГъащIэмрэ цIыхухэмрэ фIыуэ зылъагъут

КъБКъУ-м Темыркъан Хьэту и цIэр зезыхьэ и Щэнхабзэ центрым фэеплъ пшыхь гукъинэж щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ УФ-м ЦIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-м Дзэ щIэныгъэхэмкIэ и академием хэта, Бзылъхугъэхэм ехьэлIа тхыдэ къэхутэныгъэхэмкIэ Урысей зэгухьэныгъэм и хасащхьэм хэта, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор ТекIуий (Битокъу) Мадинэ и фэеплъу. Псэужамэ, бзылъхугъэ щыпкъэм, щхьэгъусэфIым, анэ щабэм, анэшхуэ гумащIэм и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирикъунут.

КъБКъУ-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я этнологиемрэ тхыдэмкIэ, журналистикэмкIэ и кафедрэм и унафэщIу щыта еджагъэшхуэ ТекIуий Мадинэ нэгъабэ гъатхэпэм и 4-м дунейм ехыжащ. Пшыхьым хыхьэу ягъэлъэгъуащ щIэныгъэм илъэс 45-м щIигъукIэ пэрыта Мадинэ и гъащIэмрэ гуащIэмрэ, и адэ-анэм, и унагъуэм, щIэупщIэ зиIэ и къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэхэм теухуахэр къызэщIэзыубыдэ нэтынхэр.

Мадинэ зыцIыхуу щытахэм зэIущIэм ар ягу къыщагъэкIыжащ, щIэныгъэ зиIэ цIыху пэжу, жэуаплыныгъэ хэлъу, хьэл-щэныфIхэр далъагъуу, ныбжьэгъуфIу, псоми хуэгуапэу, хуэгумащIэу, нурыр къыщхьэщихыу гуфIэу зэрыщытар къыхагъэщу.

Пшыхьым къыщыпсэлъащ юридическэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист, КъБКъУ-м и проректор ГъукIэпщокъуэ Мурат, КъБКъУ-м и проректор Къущхьэ Хъусен, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Кучуковэ Зухра, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, профессор, химие щIэныгъэхэмкIэ доктор Хъурей Арсен, философие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Дым Елдар сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэхыхьэр езыгъэкIуэкIа Тенджыз Аллэ жиIащ цIыхум и натIэм къритхам зэхъуэкIыныгъэ яхухэмылъхьэми, гъащIэр, цIыхухэр фIыуэ зылъагъуу псэуа, пщIэ зиIэ егъэджакIуэм и фэеплъыр зэрахуэхъумэнур.

КъБКъУ-м и библиотекэм и унафэщI Гериевэ Аймани ТекIуий Мадинэ къыдигъэкIауэ щыта тхылъхэм щыщ зыбжанэ и унагъуэм яритащ. И къуэ Битокъу Алим фIыщIэ яхуищIащ пшыхьыр къызэзыгъэпэщахэм, абы къекIуэлIахэм, и анэм псалъэ гуапэ хужызыIахэм.

БЖЬЫХЬЭ Розэ.

И тхылъхэр тыгъэ яхуещI

КъБКъУ-м и библиотекэм ирагъэблэгъащ усакIуэ, драматург, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ. Ар къызэрагъэпэщащ «Дарите книги с любовью» Х урысейпсо Iуэхум хыхьэу.

ХАБЗЭ хъуауэ, КъБКъУ-м и библиотекэм мыпхуэдэ зэIущIэ гуапэхэр щрагъэкIуэкI. Иджырейр и жэрдэмщ библиотекэм и лэжьакIуэ Тенджыз Аллэ. Зэхыхьэм хэтащ библиотекэм и унафэщI Гериевэ Аймани, абы и лэжьакIуэхэу БатI Мадинэ, Къэмбэчокъуэ Альбинэ, ТIэш Ларисэ, Вэрокъуэ Линэ, КъБКъУ-м и филологие факультетым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ, урысыбзэмрэ урыс литературэмкIэ я къудамэхэм я студентхэр.

ЩIалэгъуалэм Iэмал яIащ Къаныкъуэ Заринэ епсэлъэну, тхакIуэм и гъащIэмрэ гуащIэмрэ, и тхыгъэхэм, лъэпкъ литературэм иджырей дунейм щиIэ увыпIэм теухуа упщIэхэр иратыну. Уэзэрыгушхуэнт студентхэр иджырей литературэм, лъэпкъ тхакIуэхэм я лэжьыгъэхэм зэрыдихьэхыр, абыхэм зэрыщIэупщIэр.

Студентхэм къыхагъэщащ апхуэдэ зэIущIэхэр щIэх-щIэхыурэ къызэрагъэпэщыну зэрагуапэр. 3 курсым щеджэ Iэпщэ Даринэ жиIащ щIалэгъуалэр тхылъхэм дегъэхьэхынымкIэ тхакIуэхэмрэ тхылъеджэхэмрэ я зэхыхьэхэр зэрыщхьэпэр, я зэпыщIэныгъэр зэригъэбыдэр, псом хуэмыдэу гукъинэж щыхъуащ икIи тригъэгушхуащ я щIэныгъэм нэхъри хагъэхъуэну, къалъыс жэуаплыныгъэр зыхригъэщIащ щIэблэм куэдкIэ зэрыщыгугъым теухуауэ Къаныкъуэ Заринэ къажриIа псалъэхэм.

ЗэIущIэр щиухым, КъБКъУ-м и библиотекэм Къаныкъуэ Заринэ тыгъэ хуищIащ иджыблагъэ къыдэкIа и «Нартархэр» тхылъыщIэмрэ щIэрыщIэу къыдагъэкIыжа «Iуащхьэмахуэ, Махуэгъэпс» романымрэ. Абыхэм щIэупщIэ зэраIэнум шэч хэлъкъым.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Хьэсэнбийрэ Амиррэ я фэеплъу

Афганистаным щыхэкIуэда, зэрихьа лIыгъэм папщIэ Вагъуэ Плъыжь орденыр мыпсэужу зыхуагъэфэща НэгъэцIу Хьэсэнбий волейболымкIэ и фэеплъ зэхьэзэхуэ илъэс къэс мы зэманым Къэхъун къуажэм къыщызэрагъэпэщ. Мы гъэм ар щэщIрэ ебгъуанэу зэхаублащ икIи гъусэ хуащIащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам зи псэр щызыта, ЛIыгъэм и орденыр зрата (мыпсэужу) Шыбзыхъуэ Амир. Абы и фэеплъ зэхьэзэхуэр фоч гъэуэнымкIэ екIуэкIащ.

НАЛШЫК, Нарткъалэ, Тэрч къалэхэм, Старэ Шэрэдж, Шэрэдж Ищхъэрэ, Ташлы-Тала къуажэхэм къикIахэмрэ хэгъэрейхэм я командэмрэ Къэхъун дэт курыт еджапIэхэм я спорт пэшхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм къызэхуишэсат.

Къэхъун къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къандэхъу Леонид, мы зэхьэзэхуэр илъэс къэс къызэзыгъэпэщ, Нарткъалэ дэт Техник ныбжьыщIэхэм я гъэсапIэм и егъэджакIуэ Гулэжын Беслъэн, НэгъэцIухэрэ Шыбзыхъуэхэрэ я лIыкIуэхэу Зауррэ Жаннэрэ Зэпеуэм хэтахэмрэ абы еплъыну къэкIуахэмрэ пэублэ псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ.

Зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэ Кабалоев Мурадин зэхьэзэхуэр зэраубзыхуа щIыкIэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ.

Махуэ псом гуащIэу екIуэкIа зэпеуэхэм, дауи, текIуэныгъэр къыщахьащ нэхъ лъэщхэм. ВолейболымкIэ и насып къикIащ Налшык и «Академия» гупым *(сурэтым)*. Бэнэныгъэ гуащIэм ахэр Старэ Шэрэдж къуажэм и щIалэхэм щефIэкIащ. Шэрэдж Ищхъэрэм и волейболистхэм ещанэ увыпIэр яхьащ.

«Академия»-м щыджэгу Ярославский Михаил волейболист нэхъыфIу къалъытащ икIи щхьэхуэу ягъэпэжащ.

Фоч гъэуэным бжыпэр щаубыдащ Къэхъун курыт школ №1-м щIэсхэм я гупым (Понэж Батыр, Езий Самирэ, Хугашвили Артур, Къардэн Iэдэм сымэ - *сурэтым*). Абыхэм псоми зыщагъасэ Нало Залым и цIэр зэрихьэу Нарткъалэ дэт Техник ныбжьыщIэхэм я еджапIэм. ЕтIуанэ, ещанэ увыпIэхэр яхьащ Тэрч къикIахэмрэ Старэ Шэрэдж щыщхэмрэ.

Щхьэзакъуэ зэпеуэм псоми щефIэкIащ къэхъундэс УнэкIафIэ Марат. Абы къыкIэлъокIуэ Шэмпар Къазбэчрэ Къэрэшей Резуанрэ (тIури Старэ Шэрэдж къикIащ).

ТекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ фэеплъ кубокыр, дипломхэр, медалхэр, НэгъэцIухэрэ Шыбзыхъуэхэрэ ягъэува ахъшэ саугъэтхэр хуагъэфэщащ.

Зэхьэзэхуэр щызэхуащIыжым абы хэтахэм фIыщIэ хуащIу, дяпэкIи ехъулIэныгъэ яIэну ехъуэхъуу къызэгъэпэщакIуэхэр къэпсэлъащ. КъищынэмыщIауэ, ахэр къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ Хэкум и хъумакIуэм и махуэмкIэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● КIэщIу

Республикэм и уэрам Iэхуитлъэхуитхэр

2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгу инфраструктурэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ щIыналъэм и Гъуэгу фондым иджы япэу сом меларди 2,5-рэ къыхэкIынущ.

СУБСИДИЕХЭР иратынущ КъБР-м и къалэхэми районхэми, ауэ, апхуэдэу щыхъукIи, ахъшэм щыщу сом милард 1,25-р ди республикэм и къалащхьэм и уэрамхэр зыхуей хуэгъэзэным трагъэкIуэдэнущ.

Апхуэдиз ахъшэ зэуэ гъуэгу лэжьыгъэхэм зэи хуаутIыпщакъым, жаIащ IэщIагъэлIхэм.

Хабзэм ебакъуэхэр къыщIагъэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм я планым хэмыту, Iуащхьэмахуэ районым щылажьэ хьэщIэщхэм я щытыкIэхэр къапщытащ иджыблагъэ.

АБЫХЭМ къыщIагъэщащ хьэщIэщхэм ехьэлIауэ щыIэ мардэхэр къызэпызыудхэр зэрыщыIэр. Ахэр административнэ жэуапхэм ирашэлIащ икIи къуэдыуэ сом мин 300 - 450-рэ абыхэм тралъхьэныр зыхуэIуа щыIэкъым.

Апхуэдэу къэмыхъун щхьэкIэ, КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм хьэрычэтыщIэхэр къыхуриджащ, я IуэхущIапIэхэм ятеухуа хъыбархэр къэралым и хьэщIэщхэр къыщагъэлъагъуэ, зыуэ щыт реестрым и чэзум ирырагъэтхыну.

Шынагъуэншагъэм хуэгъэпсауэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ автомобиль гъуэгухэр къэгъэнэхунымкIэ щыIэ программэр илъэс зыбжанэ хъуауэ республикэм щагъэзащIэ икIи абы ехьэлIауэ зэфIах лэжьыгъэхэми ахэр щрагъэкIуэкI щIыпIэхэми я куэдагъым хагъахъуэ зэпытщ.

ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм гъуэгу лэжьакIуэхэм яхузэфIэкIар зэпэщхьэхуэу къэдгъэлъагъуэмэ, 2019 гъэм псори зэхэту километр 25-рэ зи кIыхьагъ автомобиль гъуэгухэм иджырей уэздыгъэхэр щыпадзащ, 2020 гъэм километр 40-м, 2021 гъэм километр 60-м, 2022 гъэм километр 70-м, 2023 гъэм километри 105-м, 2024 гъэм километр 85-м, 2025 гъэм километр 62-м.

Къэдгъэлъагъуэмэ, 2019 - 2025 гъэхэм къриубыдэу щIыналъэ автомобиль гъуэгухэм ящыщу псори зэхэту километр 447-рэ къызэщIагъэблащ икIи апхуэдэ лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ жэщ зэманым гъуэгум щызекIуэхэм я шынагъуэншагъэмрэ тыншыпIэмрэ къызэгъэпэщахъуащ. Апхуэдэуи, гъуэгу къэхъукъащIэ гуауэхэм я бжыгъэри нэхъ мащIэ мэхъу.

2026 гъэм республикэм и гъуэгухэр къызэщIэгъэблэным пащэнущ, шынагъуэншагъэ и лъэныкъуэкIэ абыхэм нэхъыбэу щыхуэныкъуэ щIыпIэхэр япэ ирагъэщу, цIыхухэм я лъэIухэми щIэдэIуу.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Грамм 600-м нэблагъэ

Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и лэжьакIуэхэм Зеикъуэ къуажэм къыщапщытащ илъэс 42-рэ зи ныбжь цIыхухъум и псэупIэр. Абдежым къыщагъуэтри къытрахащ къэкIыгъэ пкъыгъуэхэр. Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, ар грамм 444,5-рэ хъу марихуанэщ.

ЗЫ МАХУЭ ипэкIэ Урысей МВД-м Тэрч районым щиIэ къудамэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм илъэс 35-рэ зи ныбжь тэрчдэсым къытрахащ апхуэдэ наркотикхэкI грамми 138-рэ. Ахэр къызыкъуахахэм зэрыжаIамкIэ, пкъыгъуэхэр зыIэрагъэхьащ езыхэм къагъэсэбэпыну, ирагъэкIын мурад ямыIэу.

Следственнэ IэнатIэхэм тIуми ехьэлIа уголовнэ Iуэхухэр къаIэтащ УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, наркотикхэкIхэр куэду зыхъумэр илъэси 10-м нэскIэ ягъэтIыс.

И цIыхугъэм едыгъуащ

Илъэс 62-рэ зи ныбжьу а щIыпIэм щыпсэум Урысей МВД-м Май районым щиIэ къудамэм зыхуигъэзащ. Абы зэрыжиIамкIэ, и банк счетым сом мин 65-рэ ирадыгъукIат.

КЪУДАМЭМ уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм къыщIагъэщри, шэч зыхуащIыр яубыдащ. Ар Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм щыпсэу, илъэс 64-рэ зи ныбжь цIыхухъурщ. Абы зиумысыжащ: Май къалэм щыпсэу и ныбжьэгъум деж щыхьэщIэу, цIыхухъур зэрыжеяр къигъэсэбэпри, абы и жыпым банк картэр кърихащ, ПИН-кодыр щыщахуэхэм къищIати, гъунэгъу банкоматым кIуэри, ахъшэр зыIэригъэхьащ. Къигъэзэжщ, картэр зейм и хьэпшыпым ирилъхьэжщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым икIыжри, и республикэм игъэзэжащ.

Урысей МВД-м Май районым щиIэ къудамэм и Следственнэ IэнатIэм шэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 158-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм и «а» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэм ипкъ иткIэ. Абы Iэ щIрагъэдзащ щIыпIэм имыкIыну.

Сом мелуанищым щIигъу

Урысей МВД-м Аруан районым щиIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм, ахъшэ куэд дыгъуным ехьэлIа уголовнэ Iуэхур зэхагъэкIыу къыщIагъэщащ илъэс 43-рэ зи ныбжь нарткъалэдэсым, хабзэм ебакъуэу, нэгъуэщIым и ахъшэр къызэригъэсэбэпар.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, абы и цIыхугъэр лэжьыгъэ IуэхукIэ ежьэрт куэдрэ къэтынуи, и банк картэр къыхуигъэнащ, и шыпхъур республикэм къызэрысыжу иритыжыну елъэIури. АрщхьэкIэ, мыдрейм, дзыхь къызэрыхуащIар къигъэсэбэпри, ахъшэр зейм имыщIэу, ахэр и щхьэ Iуэхум тригъэкIуэдащ.

ЩIэпхъаджагъэм и лъэужьыр игъэпщкIун папщIэ, цIыхухъум и ныбжьэгъум и картэм кърих ахъшэр ныбжь зиIэ и адэм и счетым банкоматымкIэ игъакIуэрт. АдэкIэ абы ахъшэр и Iыхьлым и картэм кърихырт, апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм шэч къыхуащIыныр щхьэщихын и гугъэу.

Псори зэхэту цIыхухъум сом мелуани 3-м щIигъу къигъэсэбэпащ.

Абы ехьэлIа уголовнэ Iуэху къаIэтащ Урысей Федерацэм и УК-м и 174.1 статьям ипкъ иткIэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым шыкIэ гъуэгуанэ кIыхьхэр зэпычынымкIэ и Кубокыр къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ «Джэдыкъуэ Плъыжь» шы спорт комплексым щекIуэкIащ. Хэгъэрейхэм нэмыщI, абы щызэпеуащ Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Мэзкуу, Санкт-Петербург къалэхэм, Мэзкуу, Липецк, Ленинград областхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм я шуейуэ 91-рэ.

КъБР-м и Кубокым зэхуешэс

АПХУЭДЭУИ, зэхьэзэхуэм хэтащ Бахъсэн къалэ администрацэм и унафэщI Мамхэгъ Хьэчим, ММА-м хыхьэ лигэм и чемпион Бырхьэм Мухьэмэд, КъБР-м и бзылъхугъэхэм ящыщу Эверест и щыгум япэу ихьа Мэз Каринэ сыми.

Километри 100 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр нэхъ псынщIэу зэпычынымкIэ шууейхэм ирагъэкIуэкIа зэпеуэм щытекIуащ Жэмбей Сэлим, «Акар» шым тесу (КъБР). «Талассэ» шымкIэ етIуанэ хъуащ Бекъан Дарье (Ставрополь край), ещанэр Кулиев Анзорщ, «Налмэс» шымкIэ (КъБР).

Километр 80 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр псом нэхърэ нэхъ псынщIэу зэпичащ Урыш Елдар, «Барон» шымкIэ; етIуанэр Ныр МуIэедщ, «Сура» шымкIэ (тIури КъБР-щ). Мыбдежым ещанэ щыхъуащ Мэзкуу къалэм и шуей Дуненковэ Александрэ, «Разумник» шымкIэ.

Километр 40 зи кIыхьагъ гъуэгуанэм тета шууейхэм ящыщу псом япэу къэсащ Кулагэ Иван, «Алмаз» шымкIэ (Краснодар край). ЕтIуанэ ещанэ увыпIэхэр къахьащ КъБР-м и лIыкIуэхэу Тулащ Муратрэ («Сэдэкъэ» шымкIэ) Дзэмыхь Iэдэмрэ («Сержант» шымкIэ).

Килограмм 95-м щIигъу зи хьэлъагъ шууейхэм я зэпеуэм километр 40 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр япэу щызэпичащ Сэбаншы Мурат, «Гъуагъуэ» шымкIэ (КъБР). Узденов Таулан етIуанэ хъуащ, «Олан» шымкIэ (КъШР). Мыбдежым, «Хаят» шымкIэ ещанэ щыхъуащ ди республикэм и шууей Бакъ Руслан.

Километр 20 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр псом япэу къижащ Жыкъуэ ЖэбрэIил, «Боракъ» шымкIэ, Елъчэпар Алим «Мансур» шымкIэ етIуанэу къэсащ, ещанэр Сэбаншы Родионщ, «Сакаб» шымкIэ (щыри КъБР-щ).

Килограмм 95-м щIигъу зи хьэлъагъ шууейхэм я деж а гъуэгуанэ дыдэр псом нэхърэ нэхъ псынщIэу къызэпичащ Джатэ Щамил, «Тамбий» шымкIэ, етIуанэр Мамхэгъ Астемырщ, «Сержант Куба» шымкIэ, ещанэр Мамхэгъ Хьэчимщ, «Вагъуэ Куба» шымкIэ (щыри КъБР-щ).

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэм кубокхэр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр иратащ.

КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.245
Заказыр №337

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.